Sempulur

mbangun bangsa lumantar budaya

Nomor: 25 / I-2017

- Kasultanan - Kadipaten, Loro-loroning Atunggal
- Memayu Hayuning Bawana Kadipaten Pakualaman



DINAS KEBUDAYAAN
DAERAH ISTIMEWA YOGYAKARTA

jogja istimewa

Uluk Salam

"Sempulur", *Sempulur*



Salam Budaya,

SYUKUR Alhamdulillah, Kalawarti *Sempulur* wus kababar maneh. Taun 2016, Penerbit Kalawarti *Sempulur* pacen dipacak lan didandani. Ditata maneh isi, rubrikasi, lan pacak grafise, nanging ora ninggal jatidhiri lan mula bukane. Tetep terbit kalawarti triwulanan utawa kaping pat setaune. Penerbit uga gawe kupiya supaya *Sempulur* ajeg kababar miturut jadwal kang wus katemtokake, lan maneka warna isine migunani tumrap para maos. Tetep dibabar dening Dinas Kebudayaan Daerah Istimewa Yogyakarta kang ngajak kadang sumitra sutresna budaya Jawa kersa nerawang panggulawenthahing *Sempulur*.

Kalawarti *Sempulur* diangkah bisa nyampulurake basa lan budaya Jawa liwat medhia mirunggan kang dadi sumbering pawarta, kawruh, lan kagunan basa-sastra-budaya Jawa, bisa tumuli caos panyengkuyung murih undhaking pangaribawa lan pigunane keistimewaan DIY. Uga bisa dadi sarana Dinas Kebudayaan DIY kanggo mbiwarakake kridha tandange ing babagan kabudayan. *Sempulur* uga kaangkah bisa dadi saranane unjuk sanggit kabudayan dening rakyat, mligine para sutresna kang padha olah kridhaning kabudayaan. Kejaba kuwi, *Sempulur,* ing mengkone, bisa melu ngimbuhi jatidhiri kabudayane masyarakat DIY, lan bisa kanggo jujugan sapa bae kang ngudi informasi kridhaning budaya ing DIY, bisa dadi wacan kang sehat, informatif-edhukatif, kinarya lelangen satleraman.

Penerbit Kalawarti *Sempulur* ngajab, para maos lan sutresna budaya Jawa kersa paring panyaruwe amrih saya sampurnane *Sempulur*. Uga kersa kirim reriptan ing redhaksi amrih bisa kapacak, nambahi saya regenge *Sempulur* kang kasengkuyung dening para warga masarakat. Mangga sesarengan ngudi supaya *Sempulur* dadi kagungane DIY, melu handarbeni, wajib hangrungkebi, mulat sarira hangrasa wani. Kanthi sesanti iku, *Sempulur*, insya Allah sempulur, tulus langgeng ngabdi marang kabudayaning bangsa. Matur nuwun, lan sumangga.

UMAR PRIYONO
Pemimpin Umum

Brunjung

Pasar Tradhisional iku Ngangeni lan Nguripi

PASAR anane wus wiwit jaman kuna-makuna. R.A. Kern lumantar "***De Wayang Beber te Patjitan***" (1909) nyebutake yen sajroning wayang beber, Dewi Sekartaji lolos saka kraton Kediri lan bisa ditemokake dening Raden Panji Jaka Kembang Kuning ing Pasar Gedhe Tumenggungan Puluhamba. Pasar kuna wujude mesthi bae wus beda karo pasar saiki. Nanging, nyemak saka sejarah, pasar-pasar sing saiki isih bisa dijujug jebule ana sambung rapete karo pasar jaman biyen. Satemene pasar tumrape wong Jawa (biyen apadene saiki) dudu mung papane wong dol-tinuku bae, nanging uga papan kanggo srawung, lan golek pawarta. Intine, pasar kebak fungsi sosiale. Malah, saiki pasar tradhisional dadi sawijining dhestinasi wisata kaya sing katon ing Pasar Beringharjo, Kotagede, lsp.

Pasar bisa kaperang dadi rong perangan, yaiku tuwuh kanthi alamiah, lan kanthi kasengaja digawe (gaweyan). Pasar alamiah tuwuh ing papan strategis kanggo lalu-lintas dedagangan, upamane ing sapinggire dalan gedhe antarane kutha/desa siji lan liyane, ing prapatan, ing sapinggire bandar kali/segara. Kejaba kuwi, akeh-sithike pendhudhuk sawijining wewengkon uga bisa mahanani jumedhule pasar. Ing desa sing penduduke sethithik (adhakane ing pegunungan) arang banget tinemu pasar, suwalike ing desa sing akeh dienggoni manungsa mesthi gampang tumuse pasar.

Pasar gaweyan ana gandheng-cenenge karo pepinginane pangwasa/pamarentah sawijining wewengkon kanggo nyukupi butuhe kawulane lumantar pasar. Kejaba iku, pasar bisa uga gegayayutan karo pindhahe punjere paprentahan menyang papan anyar, embuh iku tatarane kutha raja utawa tataran sangisore. Pasar-pasar ing punjering paprentahan (kraton) jaman biyene kayata ing Kuthagedhe (saiki Kotagede) lan Ngayogyakarta (Beringharja). Pasar-pasar kasebut digawe kanggo nyukupi butuhe masarakat ing kuthagara (ibu kota). Pasar Kotagede sing saiki isih madeg iku bisa uga sawijining pasar tutugane pasar jaman Mataram Kuthagedhe. Semono uga pasar gedhe Beringharja ing Ngayogyakarta dadi bukti sempulure sejarah pasar sing biyene mapan ing Alas Beringan. Pasar Beringan digawe magepokan karo pembangunan kuthagara Kraton Ngayogyakarta ing taun 1756. Pasar Beringharja laras karo struktur bangunan kraton Jawa sing ana, yaiku Kraton, Alun-alun, lan Pasar.

Pasar kuna ing tanah Jawa wus lingsir, diterusake pasar tradhisional ing jaman saiki. Yen ing karang padesan, pasar tradhisional tetep lestari lan paugeran dina pasaran isih lumintu ngenut sejarah kawuri (ing sauntara perangan). Ing kutha Ngayogyakarta, pasar tradhisional saiki diendhih dening mal-mal lan pasar supramodheren. Kaanan kaya ngono mau, tumrape masarakat Jawa mesthi dadi pitakonan: apa isih ana sapletik sejarah sing bisa ginambar ing dina tembene? Ewa semono, tujune, Pasar Beringharja lan Pasar Kotagede ora katut ulege jaman. Sanajan pasar loro mau kalebu pasar tradhisional malah bisa dadi jujugane para wisatawan saka njaban rangkah apadene nusantara. Tegese, pasar tradhisional iku satemene yen dijaga konsep budayane uga ngangeni lan nguripi sacara ekonomi ing alaming wisata modheren kaya saiki.

●●●●●

PEMIMPIN UMUM/PENANGGUNG JAWAB ■ **Drs. Umar Priyono, M.Pd.** | PEMIMPIN REDHAKSI ■ **Erlina Hidayati, S.IP., MM.** | WAKIL PEMIMPIN REDHAKSI ■ **Suraya** | REDHAKTUR ■ **Dhanu Priyo Prabowo** ■ **A.Y. Suharyono** ■ **Purwadmadi** | PENYUNTING NASKAH ■ **Drihardono** ■ **Joko Budhiarto** ■ **Ardini Pangastuti** | REPORTER ■ **Sakiyo** ■ **Sumarno** ■ **Albertus Sartono** | SEKRETARIS REDHAKSI ■ **Satriyo Raharjo** | Sekretariat ■ **Uttungga Dewi** ■ **Daru Sukendro** ■ **Titik Madyaningsih** ■ **Trisno Sujadi** | TATA LETAK ■ **Bambang Tris** ■ **YAL. Vishnu Satyagraha** | JURU GAMBAR ■ **RS. Subagya**.

ALAMAT REDHAKSI ■ **Jalan Cendana 11 Yogyakarta** | TELEPON ■ **(0274) 562628** | FAKSIMILE ■ **(0274) 564945**
WEBSITE ■ **http://www.tasteofjogja.org** | POS-EL ■ **redaksi.sempulur@gmail.com** | KODE POS ■ **55166**

BALE SIGALA-GALA

cergam Mulyantara

SADURUNGE SEDA, PRABU PANDHU NITIPAKE PUTRANE SING CACAHE ANA LIMA MARANG KADANGE TUWA, YAIKU ADIPATI DRESTHARASTRA, KANTHI PRA-JANJI TINULIS. YEN RADEN PUNTADEWA WIS DIWASA, SUPAYA KAJUMENENGAKE RATU ING NGASTINA, MENGKONI SE-PARONING NEGARA NGASTINA. DENE SEPARO LIYANE KAPASRAHAKE MARANG ADIPATI DRESTHARASTRA MINANGKA PITUWAS, ANGGONE WIS MALENI JUMENENG RATU ING NGASTINA.

NALIKA IKU ADIPATI DRESTHARASTRA JANJI SAGUH MINANGKANI PANYUWUNE PRABU PANDHU, BANJUR TAPAK ASTA ING LAYANG PRAJANJI, SINEKSENAN RESI BISMA, ADIPATI YAMAWIDURA, LAN PATIH SENGKUNI.

ADIPATI DRESTHARASTRA BANJUR JUMENENG RATU ING NGASTINA, MINANGKA RATU WAKIL. SENGKUNI DADI PATIHE.

AKU KUDU BISA NGRAMPEK ATINE RATU WUTA IKI.



ꦲꦶꦁꦔꦔꦂꦱꦱꦸꦁꦠꦸꦭꦢꦺꦴ꧉
ꦲꦶꦁꦩꦢꦾꦩꦁꦒꦸꦤ꧀ꦏꦂꦱ꧀ꦱ꧉
ꦠꦸꦠꦸꦂꦮꦸꦂꦶꦲꦤ꧀ꦢꦪꦪꦤꦶ꧉

ING NGARSA SUNG TULADHA,
ING MADYA MANGUN KARSA,
TUT WURI HANDAYANI.

TEGESE

- YEN DADI PEMIMPIN KUDU BISA KANGGO CONTO SING BECIK.
- YEN ING TENGAH MASYARAKAT SUPAYA AJAK-AJAK MITUHU MRING PEMIMPIN.
- TUT WURI HANDAYANI MENGKU TEGES SANAJAN DADI WONG CILIK NANGING MANAWA PEMIMPIN TUMINDAK SALAH SARTA NERAK WEWALER, KAWULA WAJIB NGELOKAKE CAOS PEMUT. **(aye)**

ISSN 2085-2673



PENGETAN HADEGING NAGARI NGAYOGYAKARTA

Sambung Rumakete Kawula Gusti

PENGETAN Hadeging Nagari Ngayogyakarta Hadiningrat, bisa paring pratandha laku budaya Jawa, kang bisa kanggo penget bab labuh-labete para leluhur kang wis yasa lan memangun Nagari Ngayogyakarta. Dene mujahadah, bisa minangka wujud laku tapa brata kang duwe pangajab, supaya kabeh warga-kawula padha kuwawa ngadhepi pepalang lan godhaning kadonyan. Kabeh mau, pamrihe minangka sarana luwih ngraketake manunggaling kawula Gusti, munggah mudhun (*vertical*) ngiwa nengen, ngarep mburi. (*horizontal*).

Mangkono pangandikane Sri Sultan Hamengku Buwono X, rikala suka paring pangandikan ing Mujahadan lan Semakan Al Quran *Pengetan 270 Tahun Hadeging Nagari Ngayogyakarta Hadiningrat*, mapan ini Pagelaran Kraton Ngayogyakarta, akir Pebruari kapungkur.

Mujahadah uga bisa dadi sarana ngluruhake nepsu angkara. Kanthi sadhar nyuwun hidayah Gusti Allah SWT, sarta takdim marang Rasulullah SAW. Cara iki penting tumrap manungsa supaya tetep teteg ngadhepi godha jaman *modhern*, jalaran wektu iki wirya lan arta tansah kinerta aji mirunggan (*nilai dominan*) ing samadyaning masarakat *industri*.

"Bab iku uga kaserat ing tembang *Sinom* sajroning *Serat Wedhatama* (Sri Mangkunagara IV). Kanggo mujudake cita-cita luhur iku, kaajab kabeh krabat bisa nyawiji ngutamakake kepentingane masarakat, jalaran kraton dadi pelayane masarakat. Kabeh kawicaksanan lan sikap kraton kanggo kepentingane bangsa," panandhese Sri Sultan.

Mujahadah uga kaajab dadi sarana ngelingake supaya kabeh ora lali marang Allah SWT. Lumantar Majelis Mujahadah, tuntunan Rasulullah SAW kudu tansah kaudi ngrembaka laras owah gingsire jaman. Islam kudu dipapanake dadi *titik pijak* kanggo ngrembug babagan bangsa. Kabeh uga kudu mapanake Islam ora mung sajroning hakekat keagamaan, nanging kudu didadekake *konsep kebenaran universal*, kang ngutamakake etika lan kamanungsane, wujud taukid sajroning ajaran Islam kang hakiki, yaiku, *rahmatan li'alamin*.

Kaandharake uga dening Sri Sultan, wektu iki akeh wong sing kenal Islam sajroning *dimensi terbatas*, ora *universal*. Kamangka, Islam tansah tinarbuka ngadani 'rembugan', kanggo mbangun peradhaban. "Ya, ing kene iki pentinge sikap *tasamuh*; tepa slira sajroning sambung paseduluran, srawung tembayatan, lan bebrayan agung. Toleran lan sabar, sanajan seje panemu lan beda keyakinan. Ora ngumbar hawa sing bisa gawe paseduluran dadi bubrah."

Pangandikane Sri Sultan, beda penemu ing antarane wong siji lan sijine utawa pihak siji lan pihak liyane, temene wujud *sunatullah*, bab kang wus pinesthi. Nanging kang ngrembaka wektu iki, akeh salah paham jalaran kabar ngayawara utawa kabar sing ora bener, nganti nuwuhake prasangka ala. Uga akeh wong sing ora *tabayun*, saengga kaanan tambah rusak. "Menawa wong iku tabayun, dheweke bakal ngati-ati lan ora kesusu ing sabarang tumindak, mligine kang dumadi sajroning hubungan kekerabatan," ngendikane Sultan. **(FBR/Ist)**

Sri Sultan HB X nalika tedhak ing Upacara Pengetan Hadeging Nagari Karaton Ngayogyakarta. *(foto-istimewa)*

SAJRONING ERA KEISTIMEWAAN DIY

Kasultanan-Kadipaten, Loro-loroning Atunggal



• ***Kirab Prajurit Wirabraja*** *(foto bbtris)*

TEKAN wektu iki, ing DIY lan Jawa Tengah isih ana papat kaprajan kang tetep panggah netepi kuwajiban ing babagan ilmu, ngelmu, seni lan kabudayan Jawa. Yaiku Kasunanan Surakarta, Mangkunegaran Surakarta, Kasultanan Ngayogyakarta, lan Kadipaten Pakualaman. Miturut pametri seni budaya Jawa, Drs. Gatot Marsono MM methik pangandikane KGPAA Paku Alam IX, Kasunanan kaprah sinebut punjering seni, Mangkunegaran punjering kapujanggan, Kasultanan punjering kabudayan, lan Kadipaten Pakualaman punjering pawiyatan. Gegandhengan Kadipaten Pakualaman, 17 Maret 2017 menika jangkep yuswa 211 warsa Masehi utawi 205 warsa Jawa, *Sempulur* Edhisi Sepisan 2017 iki ngaturake tulisan Mirunggan 'Kadipaten Pakualaman Sajroning Era Keistimewaan DIY'.

KASULTANAN (Kraton) Ngayogyakarta Hadiningrat lan Kadipaten (Pura) Pakualaman mujudake loro-loroning atunggal ing babagan kabudayan. Luwih-luwih sajroning era Keistimewaan Daerah Istimewa Yogyakarta (DIY) wektu iki. Malah kepara Undhang-Undhang Nomer 13 Warsa 2012 ngenani Keistimewaan DIY ngandharake menawa Kasultanan lan Kadipaten padha-padha duwe kawenangan lan kuwajiban mbudidaya amrih seni budaya Ngayogyakarta bisa lestari lan tuwuh.

Sajroning undhang-undhang kasebut uga diandharake menawa kang sinebut adat istiadat kang 'ngoyot' sajroning brayan agung Ngayogyakarta yaiku adat tradhisi Jawa kang sumbere ana Kasultanan lan Kadipaten. Uga diamanatake menawa Kasultanan lan Kadipaten duwe tanggung jawab njaga lan mbudidaya supaya *nilai-nilai,* norma, adat istiadat lan tadhisi luhur bisa lestari lan tuwuh ngrembakaka.

"Pangertosan kabudayan menika mboten namung winates seni utawi kesenian, nanging ugi salebetipun tata peprentahan, tata bebrayan agung, perilaku lan sikap warga ingkang ngugemi budaya saha ingkang gadhah raos peduli dhumateng sasami." Mangkono pangandikane KGPAA Paku Alam X rikala nampa *Sempulur* ing Kantor Wakil Gubernur DIY Kompleks Kepatihan, Jemuah Pon 17 Pebruari 2017.

Semboyan 'Pengemban Kebudayaan' kang diandharake rikala jumenengan Paku Alam X, dingedikakake menawa semboyan kasebut minangka panyengkuyung marang Ngarsa Dalem Sri Sultan Hamengku Buwono X ngrembakake Tata Nilai Budaya Yogyakarta. Yaiku tata nilai budaya Jawa kang duwe ciri semangat *pengaktualisasian* golong gilig, sawiji (nyawiji), greget, sengguh, lan ora mingkuh. Uga semangat nanemake *etos* Among Tani dadi Dagang Layar. "Nanging kula namung *sub*-ipun *pengembangan* ingkang dipuntindakaken Ngarsa Dalem. Makaten ugi Pura Pakualaman," panandhese Sri Paku Alam X.

Kaya sing diamanatke Undhang-Undhang Nomer 13 Warsa 2012 kang sabanjure dijabarake sajroning Perda Keistimewaan (Perdais) Nomer 1 Warsa 2013, Kadipaten Pakualaman pancen duwe kuwajiban nglestarekake norma-norma lan adat tradhisi kang tuwuh ngrembaka sajroning masarakat Ngayogyakarta. Kejaba iku, uga paring kawigaten marang kabeh potensi seni lan budaya kang tuwuh ngrembaka satengahing bebrayan agung Ngayogyakarta.

Norma-norma kasebut yaiku norma sosial, norma ukum, norma sopan santun, norma agama, lan norma kabiasan. Wondene adat tradhisi kang kudu dilestarekake yaiku upacara adat lan tradhisi, basa lan sastra Jawa, busana lan tata rias, teknologi, arsitektur, lan panganan tradhisional.

"Saestunipun dumugi wekdal menika, pambudidayanipun Kadipaten mboten naming nguri-uri, nanging nglestantunaken sedaya norma-norma lan adat tradhisi sawau. Kanthi cara menika kaajab norma-noma lan adat tradhisi sawau saged tuwuh ngrembaka, nut kamajenganipun jaman, saengga sedaya mboten namun kandheg ing panguri-uri," pangandikane Sri Paku Alam X.

Semboyan "Pengembang Kebudayaan" uga mujudake Paku Alam X paring panyengkuyung marang Ngarsa Dalem Sri Sultan Hamengku Buwono X kang ora kagungan kersa njurung Ngayogyakarta dadi Kota Budaya, dudu Kota Pariwisata sing mligi ngecakake sabarang karya ing babagan ekonomi nganggo landhesan watak dol tinuku, kabeh dietung nganggo 'ngelmu dagang'. Kanthi mujudake Kota Ngayogyakarta sing tansah nengenake budaya, kaajab pangrembakane budaya bakal nuwuhake greget pariwisata lan Ngayogyakarta adoh saka anggepan 'sarwa dol-tinuku'.

***

KADIPATEN Pakualaman miturut sejarah, satemene madeg 22 Juni 1812 Masehi utawa 11 Jumadilakir 1739, rikala Pangeran Harya Notokusumo (putra Sri Sultan Hamengku Buwono I) kaangkat dadi Pangeran Mardika. Nanging resmine, Kadipaten Pakualaman madeg rikala BPH Notokusumo kajumenengake dadi Kangjeng Gusti Pangeran Adipati (KGPA) Paku Alam I rikala 17 Maret 1813 utawa 14 Mulud Ehe 1740. Pengetan Hadeging Kadipaten Pakualaman Kaping 205 (Masehi) utawa Kaping 211 (Jawa) diadani kanthi maneka warna kegiatan lan bakal dipungkasi pagelaran agung mapan ing Sewandanan, 17 Maret 2017. Kaya pangandikane KGPAA Paku Alam X, kabeh kegiatan pengetan iki kanggo kabeh warga ing Ngayogyakarta sakiwa-tengene.

Miturut Kepala Dinas Kebudayaan DIY Drs. Umar Priyono M.Pd, kairing lumakune jaman tekan wektu iki, Kadipaten Pakualaman lan Kasultanan Ngayogyakarta bisa nyawiji-manunggal ing babagan apa wae, mligine ing babagan kabudayan. Kalebu wektu iki, Kasultanan lan Kadipaten dadi *pilar utama* Era Keitimewaan Daerah Istimewa Yogyakarta.

Ing babagan kasusastran, Paku Alam I wis ngripta Kitab *Kyai Sujarah Darma Sujayeng Resmi*, *Serat Jati Pustaka*, *Serat Rama*, lan *Serat Piwulang* kang sabanjure dadi salah sawijining dasar etika keprabon, peprentahan lan norma-norma sajroning Kadipaten Pakualaman. Rikala Paku Alam II jumeneng, uga ngripta *Serat Dewa Ruci*. Wondene Paku Alam III ngripta *Serat Darma Wirayat*,



• ***Kirab Prajurit Plangkir*** *(foto-fid)*

RINGKES



Memayu Hayuning Bawana Kadipaten Pakualaman | 6 - 7



Motif Batik Klasik Pakualaman Nulat Renggan ing Naskah Kuna | 8 - 9



Sabda Dalem K.P.A.A. Paku Alam X, 7 Januari 2016 | 10 - 11



Pakualaman ing Keistimewaan | 18

Oleh :
Mustofa W Hasyim




KETERANGAN GAMBAR SAMPUL

"**Srimpi Nadheg Putri**", srimpi Pura Pakualaman, sinjang ngagem motif '***sari makara uneng***' kados ingkang kapacak ing Wedana Renggan. (Foto-Dok. Dinas Kebudayaan DIY)

Redhaksi nampa sumbangan tulisan wujud esai lan fiksi cerkak, geguritan, macapat, dongeng, legenda, cerita rakyat, lsp. saka para maos lan sutresna seni budaya Jawa. Tulisan salaras karo misi Kalawarti SEMPULUR. Tulisan diketik 1,5 spasi, font: book antiqua, 3 (telung) kaca, kejaba cerkak 5 (limang) kaca. Alamat kirim: redaksi.sempulur@gmail.com utawa diparingke langsung ing Sekretariat Redhaksi.

Mirunggan Kalawarti *Sempulur*, 26-2017, JUNI
BAKDA TUMRAP WONG JAWA





● **Wiwara Kusuma Winayang Reka** *foto- fid*

Serat Piwulang, lan *Serat Abya Yusuf*. Paku Alam IV uga paring kawigatosan ageng marang seni tari lan wayang, engga lair Beksan Floret lan Beksan Schermen.

Katandhesake dening Umar Priyono sajroning buku *Pangeran Notokusumo: Hadeging Kadipaten Pakualaman* (Dinas Kebudayaan DIY, 2015), lumantar maneka budidaya, kabukti Kadipaten Pakualaman bisa eksis ing babagan seni lan budaya. Bab iki uga dingendikakke dening pangarsa Hudyono Yogyakarta, dr. H. KPH Kusumoparastho marang *Sempulur*, ing daleme Gondosuli Gang Lembayung GK IC/143 Ngayogyakarta.

Diandharake dening Rama Parastho, tekan wektu iki Pura Pakualaman pancen tansah mbudidaya supaya norma-norma, adat tradhisi luhur lan seni budaya Kadipaten bisa mahanani sajroning Era Keistimewaan DIY. "Mligi ajaran-ajaran saha nilai-nilai luhur ingkang punjeripun kapustakan Pakualaman, ingkang langkung mangertos Bu Sakti (Sri Ratna Saktimulya). Kalebet ajaran Asthabrata ingkang dipuncakaken salebeting Kadipaten Pakualaman."

Asthabrata kang dimangerteni dening Rama Parastho, antarane ajaran kang lumampah ing Kadipaten yaiku kang adhedhasar watak alam lan watak bathara. Asthabrata watak alam yaiku pratala/bantala (bumi), tirta (banyu/samodra), dahana (geni), maruta (angin), surya (srengene), candra (mbulan), sudama (lintang), mendhung. Wondene kang adhedhasar watak bathara yaiku Indra, Bayu, Agni, Surya, Yama, Anila, Kuwera, Baruna. Miturut para winasis, kabeh ajaran iku becik lan luhur, sanajan para winasis anggone napsirake beda-beda.

Nalika disuwuni katrangan dening *Sempulur*, Dr. Sri Ratna Saktimulya, M.Hum ngendika menawa peran Kadipaten Pakualaman ing madyaning panggung sejarah Indonesia bisa paring sumbangsih sajroning pembangunan peradhaban, mligine ing DIY. Kadipaten uga duwe kasanah kabudayan kang unggul, upamane kasusastran kang wektu iki isih kasimpen ing kapustakan.

Saka kalangan Kadipaten uga lair karya-karya susastra kang kebak pitutur luhur lan ajaran-ajaran kepemimpinan, uga ngenani hubungan raja lan kawula, salah sijine sinebut ajaran Asthabrata.

Asthabrata kang ngemot babagan kuwajiban pemimpin, uga oleh kawigaten saka pangarsaning. Buktine ing antarane 251 naskah kang kasimpen ing Kadipaten Pakualaman, 12 naskah mujudake naskah kang ngemot Asthabrata. Malah ana naskah unggulan koleksi Kadipaten, yaiku *Sestra Ageng Adidarma* lan *Sestradisuhul*.

Uga dingendikake dening Bu Sakti, ajaran Asthabrata sajroning *Serat Rama* kang digubah dening Raden Ngabehi Yasadipura ngandharake menawa pemimpin kudu duwe wolu watak utama, kang kapethik saka watak bathara utawa dewa Loka-pala (pangarsa alam). Yaiku murah ing sabarang kalir (Indra), tegas nindakake kukum (Yama), wicaksana lan lan tutur kang ngresepake (Surya), duwe rasa welas asih (Candra) cermat lan pinter (Bayu), seneng peparing (Kuwera), cerdhas lan mumpuni ing babagan ilmu (Baruna), wani lan duwe semangat sing kuwat (Brama).

Nanging, miturut Bu Sakti, ana sing narik kawigaten sajroning Asthabrata sajroning Kadipaten Pakualaman. Yaiku, Dewa Kuwera diganti Dewa Wisnu. Jabarane, watak pemimpin sing di-ideal-ake dening Kadipaten yaiku watak bijak bestari (Indra), adil lan tegas sajroning kukum (Yama), cermat ing babagan dhuwit (Surya), duwe kapribaden kang ngremenake (Candra), kapribaden sing kukuh lan ora gampang miyur (Bayu), taberi nindakke laku lan mesubudi (Wisnu), wani lan mahir (Brama), prasaja lan ngayomi (Baruna). Ajaran Asthbrata sajroning bathik, bisa kawaca sajroning tulisan Asthabrata lan Bathik Pakualaman.

Pambudidaya supaya Kadipaten Pakualaman bisa luwih ngrenggani sajroning Era Keistimewaan DIY, miturut KPH Kusumoparastho, katindakke kanthi *konsolidasi internal* Pura Pakualaman. Kanthi cara mangkono, kaangkah Kadipaten bener-bener bisa ngamalake ajaran sajroning candra sengkalan kang katulis ing regol Pura: **Wiwara Kusuma Winayang Reka**. Sanajan mangkono, Kadipaten tetep ngugemi etika kaya kang diajrake Paku Alam I lumantar *Serat Rama* lan Paku Alam III sajroning *Serat Piwulang*. "Ajaran-ajaran sawau, ugi nate dipun tandhesaken dening Sri Paduka Paku Alam VIII. Wonten babagan menapa kemawon, Kadipaten mboten dipun keparengaken ngungkuli Kasultanan. Menika mujudaken etika ingkang kedah dipunugemi." Rama Parastho nandhesake.

Amrih Kadipaten bisa luwih migunani sajroning Era Keistimewaan DIY, wektu iki KPH Kusumoparastho bebareng para winasis uga lagi nyusun Rantaman Memayu Hayuning Bawana versi Pakualaman. Mengkone, rantaman iku bakal digawe sistem, supaya ajaran kasebut nyata-nyata bisa mahanani masarakat, mligine iang babagan tetanen. Luwih mligi maneh ing babagan pengairan. (*Konsep Memayu Hayuning Bawana sawutuhe, bisa kawaca ing tulisan Memayu Hayuning Bawana versi Pakualaman*). (**tim**)

Memayu Hayuning Bawana Kadipaten Pakualaman



● ***Pagelaran Seni Tradhisi Rakyat - Upacara Ganti Dwaja*** *(foto-istimewa)*



● ***Srimpi Nadheg Putri Pura Pakualaman, ngagem sinjang bathik motif 'sari makara uneng'*** *(foto-tby)*

ERA Keistimewaan Daerah Istimewa Yogyakarta (DIY) kang wis lumaku limang taun iki kudu kasengkuyung dening kabeh bebadan, pamarentah, swasta lan warga masarakat, kalebu Kadipaten Pakualaman. Kanthi cara mangkono, Keistimewaan DIY kaya kang diamanatke Undhang Undhang Nomer 13 Warsa 2012 bakal bisa lumaku luwih maksimal kanggo ningkatake *kesejahteraan* masarakat DIY.

Minangka tanggung jawab lan panjurung lumakune amanat undhang-undhang Keistimewaan DIY kasebut, Hudyono Yogyakarta kang dipandhegani dening dr. H. KPH Kusumoparastho yasa tim panyusun konsep Memayu Hayuning Bawana versi Kadipaten Pakualaman. Tim iki anggotane KMT Ndoyodiprojo, KRT Projoanggono, MW Widyorogo, MW Reksowahyono, MW Reksoprabowo, lan Teguh Priyono.

Konsep Memayu Hayuning Bawana versi Kadipaten Pakualaman iki didhasari pangertosan bab *kearifan lokal*, ajaran kejawen, lan kang utama ajaran *teosentri* (Ketuhanan Yang Maha Esa). Uga didhasari pangertosan menawa Memayu Hayuning Bawana iku asipat *universal* lan bisa ditapsirake nganggo cara apa wae. Memayu Hayuning Bawana iku pindhane sumur sing ora tau asat ditimba banyune sanajan terus-terusan ditimba, jalaran sumur kasebut tansah dirumat lan dipepetri amrih banyu sumur bisa lestari.

MEMAYU HAYUNING BAWANA mujudake ajaran bab alam saisine kang kacipta dening Gusti Kang Maha Kawasa, alam kang endah lan murakabi. Amrih alam tetep endah lestari, kudu kajaga lan kaolah, sabanjure dibudidaya supaya bisa gawe makmure alam lan makluk sakiwa-tengene. Kejaba iku, alam saisine bisa nuwuhake kawilujengan lan karahayon tumrap manungsa, laras karo kabeh makluk titah Gusti Kang Maha Agung.

Mengkone konsep Memayu Hayuning Bawana versi Kadipaten Pakualaman iki bakal didadekake sistem kanggo mbangun tetanen lan mujudake bebrayan agung kang tata titi tentrem, kerta raharja, rahayu wilujeng. Konsep iki migunakake *unsur-unsur filosofi* Memayu Hayuning Bawana, Rahayuning Bawana Kapurba Waskitaing Manungsa, Rahayuning Manungsa Dumadi Karana Kamanungsane, Mangasah Mingising Budi, lan Memasuh Malaning Bumi.

Dumadine bawana utawa alam iki kacipta dening Gusti Kang Maha Kawasa. Gusti uga nitahake manungsa lan makluk-makluk liyane. Manungsa kaparingan akal lan kapinteran amrih manungsa bisa nglarasake lestarine alam lan kabutuhan kabeh makluk ing alam iki. Tlonjonge, antarane kebutuhane manungsa, alam lan makluk-makluk liya,bisa salaras, lan lestari. Pungkasane, Gusti Allah bakal dhawuh marang manungsa gegayutan karo tanggung jawabe anggone tumindak marang alam lan lingkungane.

Rahayune manungsa ditemtokake dening rasa kamanung sanelan tumindake marang alam (*ekologi*). Manungsa katitahake dadi makluk paling sampurna katimbang makluk liyane. Mulane manungsa didadekake kalipahe Gusti Kang Maha Akarya Jagad, diajab ora nganti mrosot drajate, luwih ina tinimbang kewan jalaran ilang sipat kamanungsane.

Uripe manungsa kudu ngliwati proses lair, wiwit bayi nganti tumekane pati. Manungsa kang kaparingan kapinteran



● ***Prajurit Pakualaman, sinedya Upacara Ganti Dwaja*** *(foto-fid)*

lan kawicaksanan kudu tansah ngasah kaluwihane kang diparingake dening Gusti Kang Maha Agung, kudu bisa mulat salira menawa dheweke iku mujudake perangane bawana. Uga kudu bisa mangerteni menawa alam iku bawana alit lan Gusti Kang Maha Agung iku Bawana Ageng. Mulane manungsa kudu duwe sikap lan bisa tumindak kanggo mujudake alam alam kang tetep paring karahayon, kawilujengan, lan raharjane makluk kabeh ing alam donya.

Menawa ora bisa njaga tindak-tanduk kanggo njaga rahayu-lestarine alam, alam bakal krodha. Alam bakal dadi rusak lan panguripane manungsa dadi rekasa, malah kepara bakal tuwuh bebanten. Prahara gedhe. Manungsa bakal kena ukum karma, ukum alam lan ukum nagara. Supaya kabeh mau ora dumadi, manungsa kudu mangasah akal budi, kapinteran, lan kawicaksanan, jalaran kabeh prahara lan ukuman iku dumadi awit tumindake manusa. Jalaran manungsa ora bener anggone mangasah mingising budi.

Kunci kanggo mangerteni konsep Memayu Hayuning Bawana dironce dening KPH Kusumoparastho iki uga kudu didhasari pangerten Sangkan Paraning Dumadi lan Manunggaling Kawula Gusti. Manungsa kudu eling menawa dheweke dumadi saka roh lan wadhag kang dicipta dening Gusti Kang Murbeng Dumadi. Manungsa uga kudu bisa tansah manunggal karo kersane Gusti Kang Maha Kawasa.

***

SISTEM Memayu Hayuning Bawana versi Kadipaten Pakualaman iki mengkone bakal dicakake ing kabupaten-kabupaten lan kota ing tlatah DIY, kanggo nyengkuyung Keistimewaan DIY, mligine ing babagan tetanen lan pengairan. Sanajan dironce dening Kadipaten Pakualaman, cara iki tetep didhasari undhang-undhang Keistimewaan DIY, mligine bab-bab kang magepokan karo *Tata Ruang dan Sistem Pertanian.*

Ing babagan Tata Ruang, wis diandharake ing Perda Nomer 1 Taun 2013 menawa pengelolaan dan pemanfaatan ruanging DIY iki katindakke kanthi falsafah : *harmoni, kelestarian lingkungan, sosial ekonomi* (**hamemayu hayuning bawana**); *spriritual transenden* (**sangkan paraning dumadi**); *humanisme, asas kepemimpinan demokratis* (**manunggaling kawula Gusti**); *kebersamaan* (**tahta untuk rakyat**); *harmonisasi lingkungan* (**sumbu imajiner Laut Selatan-Kraton-Gunung Merapi**); *ketaatan historis* (**sumbu filosofis Tugu-Kraton-Panggung Krapyak**); *filosofi inti kota* (**catur guna gatra**); lan *delineasi spasial Perkotaan Yogyakarta yang ditandai masjid Patok Negara.*

Ing babagan tetanen, budidaya njaga kelestarian alam lan sumber banyu uga kalandhesan tradhisi tetanen kanthi dhasar pranata mangsa lan sistem surjan. Kanggo mujudake pepenginan luhur ing babagan tetanen lan teknologi tetanen, bakal kasengkuyung putra-putra Kadipaten Pakualaman kang wektu iki wis lulus pawiyatan, lan para ahli pertanian, pengairan lan teknologi tetanen. Nanging kang luwih utama, kudu disengkuyung gotong royong masarakat.

) Dipunandharaken* ***dr. H. KPH Kusumoparastho*
dhumateng SEMPULUR, Selasa Pahing
21 Pebruari 2017

Motif Bathik Klasik Pakualaman Nulat Renggan ing Naskah Kuna





• **BATHIK PAKUALAMAN - *Asthabrata jangkep 2*** *(foto abs)*

KONSEP utawa rumusan bab kepemimpinan utawa mangarsani praja ing Tanah Jawa adhakakane kaimpun minangka paugeran, pandom, lan punjering cak-cakaning tata pamarentahan utawa tata praja. Kanjeng Gusti Pangeran Adipati Arya (K.G.P.A.A.) Paku Alam IX kang jumeneng ing Kadipaten Pakualaman wektu semana uga ngripta, nyusun, lan njlentrehake konsep kepemimpinan Jawa kanthi dhasar teks *Asthabrata* sing dumunung ana ing naskah-naskah *scriptorium* Pakualaman. Konsep kepemimpinan iki dipundhut kanthi nuladha watake para dewa kelompok *Lokapala* (sing njaga jagad raya).

Kanthi dhasar watake para dewa sing kaya mangkana iku watak utawa karakter *ideal* sing kudu diagem utawa diduweni dening sawijining pangarsa, pemimpin, utawa raja yaiku wicaksana (Batara Indra), adil lan tegas ing babagan kukum (Batara Yama), gemi nastiti ing babagan dhuwit/bandha (Batara Surya), nduweni kapribaden lan bleger kang nengsemake (Batara Candra), kapribadene teguh santosa sarta ora gampang kena pengaruh (Batara Bayu), *asketis* lan tapa brata (Batara Wisnu), nduweni kekendelan lan wasis ing babagan strategi/siasat (Batara Brama), prasaja lan bisa ngayomi (Batara Baruna).

Ing naskah-naskah *scriptorium* Pakualaman kuwi mau cinathet lan ginambar sarta kababarake sakehing informasi (kalebu bab Asthabrata) sarta sakehing piwulang para leluhur. Salah sijine sing istimewa yaiku ing antarane naskah-naskah kasebut ana lembar-lembar naskah sing direnggani maneka ilustrasi sing endah. Bendara Raden Ayu Atika Suryodilogo karenan penggalihe sarta tuwuh kersane kanggo nglestarekake ilustrasi lan piwulang ing naskah-naskah Pakualaman kanthi wahana bathik.

Kersane sing kaya mangkono iku mau tuwuh marga K.G.P.A.A. Paku Alam IX nate ndhawuhake supaya ana tim sing dumadi saka para panaliti naskah sing tundhone ngasilake maneka warna prodhuk seni. Dene anggotane tim kasebut yaiku B.R.Ay. Suryodilogo (Atika Purnomowati, S.E.), K.P.H. Dwijonagoro (Prof. Dr. Ir. Djoko Santoso), R.Ay. Notosugito (Dra. R.Ay. Sri Tapi), K.M.T. Notosugito (Drs. Sugito Syarif, M.M.), Nyi M.T. Prabamataya (Prof. Dr. A.M. Hermien Kusmayati), lan Nyi M.W. Sestrorini (Dra. Sri Ratna Saktimulya, M.Hum.).

Wis puluhan motif bathik kang kasil cinipta kanthi dasar kuwi mau, ing antarane seri *Asthabrata* kanthi sumber naskah *Sestradisuhul* kang banjur nglariake motif-motif bathik: *Indra Widigda, Baruna Wicakswa, Brama Sembada, Bayu Krastala, Candra Kinasih, Wisnu Mamuja, Surya Mulyarja,* lan *Yama Linapsuh*. Kanggo nggenepi motif-motif kuwi mau uga banjur diripta motif bathik liyane, yaiku motif *Asthabrata Jangkep*. Kanthi mangkono kena disebutake menawa motif bathik Asthabrata babaran saka Pakualaman gunggunge ana sanga.

Manut ngendikane Ibu Suratmi (Nyi Mas Lurah Renggomurti) minangka suhe para juru bathik ing Pakualaman, kejaba motif-motif bathik sing wis kasebut ing ndhuwur kanggo ngganepi motif-motif kuwi uga banjur rinipta motif bathik

liyane yakuwi motif *Asthabrata Jangkep*. Ana maneh motif-motif bathik khas Pakualaman liyane, ing antarane motif *Sari Makara Uneng, Wilaya Kusuma Jana, Sestradi, Arda Pujangga Wati, Sawat Wukir Kusuma, Tyas Muncar*, lan liya-liyane. Kejaba kuwi Pakualaman uga ngembangake motif-motif bathik sing wis ana. Uga ngembangake motif-motif bathik kanthi dasar *inspirasine* saka maneka warna tanduran sing dadi tanduran koleksi ing Pakualaman, kayata melathi, soka, kepel, lan liya-liyane. Cekake, *mengeksplorasi flora* sing ana ing kukuban Pakualaman.



• ***Bangsal Bathikan*** *(foto abs)*

Mligi bathik motif *Sari Makara Uneng* satemene wujud saka olah cipta (interpretasi) tumrap salah sijine gambar *wedana renggan Sujalma Sari Makara Uneng*. Dene wedana renggan Sujalma Sari Makara Uneng iki kapacak ana ing teks Srimpi *Nadheg Putri*. Teks Srimpi Nadheg Putri (Srimpi Sari Uneng) kuwi dhewe asale saka naskah *Langen Wibawa*. Naskah iki tinulis kanthi aksara Jawa, ngemot prosesi tari-tarian lelangen dalem Paku Alam I nganti tekan Paku Alam V. Naskah *Langen Wibawa* rinengganan 16 pasang gambar wedana sing edi peni.

Sawise teks naskah dialihaksarakake ana ing aksara Latin banjur dirembug dening sawijining tim ing babagan isi lan maknane. Rembugan utawa dhiskusi iki mau banjur ngasilake dudutan kanggo *merekonstruksi* salah sawijining tarian, yaiku Srimpi Nadheg Putri. Prosesi tarian iki sakawit nduweni *durasi* udakara rong jam banjur diowahi satrep karo kabutuhan lan lakuning jaman saengga tari kasebut banjur nduweni durasi 45 menit. Teks naskah *Langen Wibawa* ora kinanthen notasi gendhing lan mung nyebut jenenge tembang/lagon sarta cakepane. Kanthi mangkono penata tarine kudu mujudake ana ing *transkrip* notasi sing kaprah digunakake ing jaman saiki.

Teks *Srimpi Nadheg Putri* kanthi wedana renggan *Sujalma Sari Makara Uneng* iki nyritakake babagan sulistyane para penari ing Pura Pakualaman. Disebutake menawa sawetara penari kuwi asale saka gunung. Para penari kuwi mau dipilih lan diwulang wuruk satrep karo tatanan sing ana ing keraton saengga dadi putri sing "alus." Sikap sopan, luwes, lembut, tanggap, ditambah pasuryan sing ayu ngresepake sarta wujud bleger badan sing *ideal* ndadekake para penari dikangeni dening wong akeh.

Kanthi *interpretasi* tumrap gambar wedana sing nggambarake gunung, puteri kanthi wujud urang, wujud kupu-kupu, sarta cakepan tembange, banjur tinemu benang merahe menawa kabeh "*bermetamorfosa*". Wanita saka gunung wis mawujud dadi penari istana sing molek, padha karo uler sing dadi kupu sing ayu-manis. Crita utawa gegambaran putri sing nengsemake ing naskah produk Paku Alam IV kuwi ing jaman Paku Alam IX didadekake motif bathik Makara Uneng.

Ciniptane bathik kanthi motif mangkono nduweni filosofi supaya para putri, mbuh kuwi putri-putri sing ana njeron keraton apa ing njaban keraton diajab tansah nduweni rasa sukur marang kabeh paringan Dalem Sang Maha Kuwasa, sarta bisa ngolah lan ngisi peran wanita satrep karo pakaryan/keterampilan/kagunane supaya mupangati tumrap uripe. Alasan iki sing banjur nuwuhake tekad lan kersane B.R.Ay. Atika Surodilogo kaampingan R.Ay. Indra Laksmi Gamayani ana ing pepucuking taun 2011 nggiyatake maneh kiprah mbathik ing lingkungane Pura Pakualaman. Bab iki kaajab bisa nglestarekake motif bathik Pakualaman.

Nyi Mas Lurah Renggomurti uga ngandharake menawa Pura Pakualaman uga ngembangake motif bathik sing sinebut *Pepadan*. Pepadan iku gambar utawa simbol sing gunane kanggo tandha gumantine pupuh ing tembang satrep utawa cundhuk karo karakter tembang sing dipilih. Dadi, tandha gambare tembang *Dhandhanggula* beda karo tandha gambar utawa pralambange *Sinom, Kinanthi, Asmaradana, Mijil, Pangkur,* lan *Pocung*. Kabeh motif bathik khas saka Pakualaman iki diajab bisa mbabar ajaran-ajaran utawa piwulang luhur mligine sing kapacak ing naskah-naskah kuna lumantar seni bathik sing endah-edi.

Tumekane Februari 2017, bathik motif Pepadan nembe dadi patang lembar. Dene sing patang lembar isih diproses sarta rong motif liyane nembe diwiwiti. Dene motif bathik Pepadan sing wis dadi kuwi mau ing antarane motif Pepadan Sinom, motif Pepadan Dhandhanggula, lan motif Pepadan Asmaradana (2). Ngono ngendikane Nyi Mas Lurah Renggomurti sing kaampingan Jajar Sidoasih, Jajar Cempaka Mulya, lan Jajar Udan Riris nampa *Sempulur* ing Bangsal bathikan Pakulaman, 20/2/2017. Ya para Jajar sing disuhi Nyi Mas Lurah Renggomurti iki mau sing kawit taun 2011 nindakake pakaryan mbathik ing saben dinane kanthi mapan Bangsal bathikan Pakualaman.

Kejaba kuwi ana uga motif bathik sing sumber inspirasi ora saka naskah lan bathik kasebut mligi kaagem dening K.G.P.A.A. Paku Alam X. Tetengere motif bathik sing mligi mau *Tejanata*. Mula motif Tejanata kena disebut minangka motif awisan. Ana uga motif bathik sing dicipta kanthi gunggung mung 10 lembar, yaikut motif *Sih Setyarja*. Motif bathik Sih Setyarja iki mligi kagem kulawarga Pakualaman. Motif bathik Sih Setyarja iki satemene mujudake *pengembangan* saka motif bathik Baruna.

Menawa gatekake, motif-motif bathik khas babaran Pura Pakulaman iki pancen endah edi lan ngandhut piwulang luhur. Motife akeh sing ngremit-njlimet. Mbutuhake ketlatenan, kesabaran, lan titi permati anggone nggarap. Mula ora mokal yen samotif bae anggone rampung mbabar bisa mbutuhake wektu 6 sasi, kepara luwih. **(Abs)**

Wulang ing Regol Danawara



● *Regol Danawara (Gerbang Utama) Pura Pakualaman (foto-ags)*

REGOL Danawara, lawang ageng yen arep mlebu ing Pura Pakualaman, seka sisih kidul liwat Alun alun Sewandanan. Wewangunan regol wujud bangunan kampong, cengkok *srotong*. Listplank, corak rete-rete. Tutup keonge, segitiga kan kawuwuhan renggan, motif taneman. Ana angka tahune, 1884 (Sri Paku Alam V).

Ing rengga tutup keong Regol Danawara ana tembung kang ngemu surasa wulang utawa pangajak ing panggawe urip kang becik.

"Wiwara Kusuma Winayang Reka"

"Wiwara kusuma winayang reka". Miturut buku "Warnasari Sistem Budaya Kadipaten Pakualaman" (2012:50), ukara iku ngemu teges: lawang binukak, rinipta karya. Mengku teges, Pura Pakualaman iku papan utawa wewengkon kang duwe kawruh luhur lan adiluwih. Anggone padha mlebu ing wewengkon Pura Pakualaman bisa kaanggep pinangka pawitan anggone padha gegulang pakarti becik lan wicaksanan kang sejati.

Ing sangisore regol ana gedhah cacah loro, wetan kalawan kulon. Tengen lan kering. Sacedhaking gedhah ada wulang luhur, uga katulis nganggo aksara Jawa. Ereng wetan, "Engeta Angga Pribadi" lan sisih kulon "Guna Titi Purun". Miturut buku kang kasebut ing dhuwur, werdine mangkene:

"Engeta Angga Pribadi"

Sadurunge mangsah ing pementhenging pikir, manungsa kudu mawas diri luwih dhisik.

"Guna Titi Purun"

Guna, duwe teges sakabehing kabisan kang rinasuk, titi tegese duwe sikep kang taliti, lan purun duwe teges gelem nglakoni utawa nandangi, alias tumindak.

..., Pura Pakualaman iku wengkon kang kagunan *etos kerja* (greget sengguh ing pakarya) kang tansah ngudi marang olah pikir kang kebak ing wewaton.

Ringkesing rembung, kagunan wulang iku ngemu surasa, Pura Pakualaman iku wengkon kang kagunan *etos kerja* (greget sengguh ing pakarya) kang tansah ngudi marang olah pikir kang kebak ing wewaton. Lan maneh, ing Regol Danawara uga tinemu genda (lonceng) kang dadi tengara wektu, tegese wengkon Pura Pakualaman kagungan pengaji kang gedhe tumrap pratitising wektu kanggo makarya lan ngibadah. (**pdm**)

Sri Paku Alam X :

"Kula pinangka ingkang pikantuk amanat ngayahi jejering K.G.P.A.A. Paku Alam X suka uninga kalawan terusing manah bilih jejibahan ingkang badhe kula lampahi menika jejibahan ingkan awrat amargi kula badhe nglajengaken kawajiban leluhur Mataram minangka pengembaning kabudayan. Sapangertosan kula, suraosing tembung kabudayaan punika kathah, pramila badhe kula watesi. Tembung kabudayan ing mriki inggih minangka olah budi gayut kaliyan kagunan saha olah praja, saengga ing pamanggih kula kabudayan boten namung sami kaliyan pengejawantahing olah seni. Kula ngrumaosi, sianosa sampun matesi suraosing kabudayan miturut pangertosan ingkang cupet, jejibahan minangka pengembaning kabudayan punika boten gampil. Ing samangke kula kapapanaken kahanan ingkang manggihaken tradhisi kaliyan babagan enggal amargi lampahing cipta-ripta olah seni tansah nuntut wontenipun inovasi, langkung malih tumrap ing sapunika, ewah-ewahaning jaman lumaksana kanthi rikat. Awit saking punika tradhisi ing Kadipaten Pakualaman minangka satunggaling perangan ingkang boten saged kapisahaken saking tradhisi Kasultanan Ngayogyakarta Hadiningrat, badhe kula dadosaken pathokan kangge mahami pangrebda saha ewah-gingsireng kabudayan ingkang lumampah kathi rikat saengga boten uwal saking lajeripun. "

(Kapethik saking Sabda Dalem
K.P.A.A. Paku Alam X,
7 Januari 2016)



• ***Sri Paku Alam X*** *foto-ags*

Warisan Budaya, Lajer Pikukuh Tumrap Lir Gumantining Jaman

TINGGALANE para luhur, kasunyatan bisa gawe panjurung tumrap pawitan anggone memangun bangsa lan negara. Awit, tinggalane para luhur tumus dadi warisan kang migunani. Tebane teges migunani iku jangkep lan mirunggan tumrap sanguning urip masarakat ing jaman saiki. Warisane para luhur dumadi wewujudan kang asifat barang, wewangunan, pepethan, yaiku wujud kang bisa kadeleng (*visual*), cetha lan kasat mata. Tembung kang asring kapigunakake, "warisan budaya benda" (*tangible cultural heritage*). Nanging, sinartan anane warisan budaya wujud wadhag, ana warisan budaya kang datan mawujud, ora katon nanging tansah manjing ing telenging pikir, sajroning rasa, lan bisa dadi panjurunging anggone manungsa tansah laku ing pakarti luhur. Wujude tan kasat mata, nanging kaugemi dadi wulang luhur, adeg, pandom, kawruh, pepeling, lan paugeran luhung kang piguna tumrap manungsa. Tembung kang asring kapigunakake, "warisan budaya tak benda" (*intangible cultural heritage*).

Konvensi UNESCO taun 2003, bab pandoming laku tumindake anggone gawe lestarine "warisan budaya tak benda", nyebut anane babagan cacah lima kang kalebu "warisan budaya tak benda". Yaiku, (1) tradhisi lan unjuk laku tutur, (2) kagunan seni tontonan, (3) adat istiadat, upacara penembah, lan pahargyan tradhisi, (4) kawruh ngelmu lan tindak tanduk bedinan gayut kalawan gumelaring jagad raya, (5) kabisan lan kaprigelan anggone gegaweyan barang tradhisional. Kementerian Pendidikan dan Kebudayaan Republik Indonesia, wus yasa anane program "pelestarian warisan budaya tak benda". Wiwit saka nyathet, banjur pratitis naliti, nganti tumekan netepake warisan budaya iku, tembene kangkah bisa dari "warisan budaya dunia". Kayata, wayang kulit purwa kang wus sinengkake dadi warisan dunia, "*World Master Piece of Oral and Intangible Heritage of Humanity*" (2003).

Sadurunge kausulake marang UNESCO luwih dhisik katetepake dadi warisan budaya nasional. Katetepan iku luwih dhisik kudu katempuh jangkep sarat saranane lan lolos saringane tim pambiji ing Jakarta. Miturut data ing Dinas Kebudayaan DIY, "warisan budaya tak benda" masyarakat DIY kang wus katetapake dadi warisan budaya nasional, yaiku, Wayang Beber, Wayang Wong Mataraman, Wayang Kancil (2013); Bedhaya Semang, Gamelan Gaya Surakarta dan Yogyakarta, Sekaten, Pawukon, Deluwang (kertas) (2014); Mubeng Beteng; Saparan Bekakak Gamping, Gudeg, Joglo, Gerabah Kasongan (2015); Suran mBah Demang, Tawur Agung Kasanga; Labuhan Karaton, Jathilan, Langendriya, Tari Angguk, Langen Mandra Wanara, Bakpia Yogya, Lurik Yogya (2016). Dene "warisan budaya tak benda" masarakat DIY kang wus cinathet taun 2010-2016 ing Kementerian Pendidikan dan Kebudayaan, kabeh cacahe ana 252 warisan budaya tan wadhag. Ing taun 2017 iki, wus diaturake marang dewan pambiji ing Jakarta, yaiku warisan budaya (1) upacara tradhisi jabang bayi, (2) upacara tradhisi temantenan, (3) Tari Golek Menak, (4) Srimpi Rangga Janur, (5) Dhadung Awuk, (6) Krumpyung, (7) Seni Badui, (8) Kutulan, (9) Rinding-Gumbeng, (10) Srandhul, (11) Lawung Ageng, (12) Beksan Bandabaya, (13) Montro, (14) Panjidor, (15) Wayang Topeng Pedhalangan, (16) Blangkon, (17) Batik Kayu, (18) Wedang Uwuh, (19) Tenun Serat. **(pdm)**.



• ***Srimpi Rangga Janur (HB VIII), Tari Klasik Gaya Ngayogyakarta*** *(foto-tby)*

Pasarean Ngganda Arum



● ***Regol Makam Girigondo*** *(foto-smn)*

ASTANA Giriganda (sateruse katulis Girigondo) minangka papan pesarean trah Adipati Paku Alam lan sentana dalem mapan ing pereng pegunungan Girigondo, Desa Kaligintung Kecamatan Temon Kabupaten Kulonprogo. "Girigondo menika rumiyin naminipun Gunung Keling. Lajeng punparingi nami Girigondo. *Giri* menika gunung, dene *Ganda* menika saking tembung ganda arum utawi wangi. Miturut para winasis, siti wonten Gunung Keling menika pancen ngedalaken ganda arum." ngendikane juru kunci Drs. H Mas Wedana Wasiludin Pujo Hastana marang *Sempulur*.

Astana Girigondo dibangun saka dhawuh dalem KGPAA Paku Alam V marang Destrik Wonodirjo taun 1900. Wektu iku trah KGPAA Paku Alam I nganti tekan KGPAA Paku Alam IV disarekake ing makam Hastarengga Kotagede Yogyakarta. "KGPAA Paku Alam V lajeng pikantuk sasmita supados mbangun pasarean ingkang papanipun inggil saha taksih wiyar kangge pesarean panjenenganipun saha sedaya trah sentana dalem, inggih wonten Gunung Keling menika," Drs H Mas Wedana Wasiludin Pujo Hastana mbacutake katrangane.

Astana Girigondo dipageri persegi mubeng kanthi regol gapura madhep ngidul. Gapura wujud paduraksa iku sisih tengen ana tulisan angka 1900, dene ing sisih kiwa tulisan angka Jawa 1830 utawa padha karo 1900 M. Dene sandhuwur gapura ana tulisan aksara Jawa: Girigondo.

Pasarean Astana Girigondo dibangun nem trap-trapan, saben trap dipisahake undhak-undhakan kang sambung-sinambung. Trap-trapan ndhuwur dhewe kanggo papan pesarean KGPAA Paku Alam V, KGPAA Paku Alam VI, KGPAA Paku Alam VII, KGPAA Paku Alam VIII, garwa lan putra-putri dalem. Trah sentana dalem disarekake ana trap-trapan sangisore. Dene pasarean KGPAA Paku Alam IX (KGPAA Paku Alam IX seda rikala 21 Nopember 2015, ora dadi siji rama lan eyang-eyange ing trap-trapan dhuwur dhewe ananging ing sacedhake garwa dalem BRAy Koesoemarini, mapan sisih ngisor kompleks Astana Girigondo. **(smn)**

TRI ANTOLOGI SASTRA JAWA

"Srawung Bebrayan Jawa" Bakal Kababar 2017

SRAWUNG, tembuh lumrah nanging sejatine duwe teges adi. Sabab, srawung iku mengku teges kang gedhe pangaribawane tumrap urip ing berbrayan agung. Srawung bisa ingaran gaman utawa pusakane wong urip ing tengahing masarakat. Wong kang ora nate srawung bakal kesingkir saka pasrawungan, kepara bisa malah dicendhilake. Temene srawung iku gaweyan kang ora angel, cukup sregep lan gelem tepung, grapyak sumanak, lan ambyuk, manjing ing kridhaning masarakat. Srawung mengku teges kang wigati ing bebrayan agung.



Antologi utawa kumpulan tulisan kang karengga dadi buku cetak, bakal kababar maneh ing taun 2017 dening Dinas Kebudayaan DIY. Tradhisi hambabar buku antologi karya sastra geguritan, carita cekak, lan esai sastra lan budaya Jawa wis dadi tekade Dinas Kebudayaan DIY. Kepala Bidang Sejarah, Bahasa dan Sastra, Dinas Kebudayaan DIY, Erlina Hidayati, ngandharake bab ancas tujuane mbabar buku kumpulan karya sastra lan budaya iku kanggo ngipuk-ipuk susastra lan basa Jawa sinartan ajak-ajak marang para pamengku budaya Jawa, mligine para pengarang sastra lan budaya Jawa, padha bebarengan guyub rukun unjuk yasan pinilih. "Saiki lagi padha dicawisake dening tim, amrih babaring antologi rinacang kanthi apik, rancak kelakone," ngendikane Erlina Hidayati.

Taun iki tema antologi kan wis disepakati, "Srawung Bebrayan Jawa", pinangka ancer-ancer anggone bakal ngripta cerkak, geguritan, utawa esai. Dene para panggurit, penulis cerkak lan esai kepareng gawe tafsir dhewe-dhewe ingkang baku kudu mulih marang tema utama, Srawung Bebrayan Jawa. Para panyarta kang kapiji bakal diaturi undhangan saka Dinas Kebudayaan DIY. Buku antologi melu diangkah terbit ing wulan September 2017. "Wulan Februari iki nembe dirancang kurasi penulis sapa wae kang bakal diaturi nyerat," ujare Dri Hardono.

Tim kang kapiji sabiyantu program, yaiku Mustofa W Hasyim, Dhanu Priyo Prabowo, Eko Nuryono, Budhi Wiryawan, Purwadmadi, AY Suharyono, Joko Budhiarto, Ardini Pangastuti, lan Latif S Nugraha. Tim dipimpin langsung dening Dri Hardono lan Suraya, pejabat eselon ing Dinas Kebudayaan DIY. Taun 2016 uga wus kasil hambabar "Ungak-ungak Cerkak" (antologi carita cekak); "Mangirit Gurit" (antologi geguritan) lan "Ajak-ajak Macak Susastra-Budaya" (antolog esai Jawa). Nalika iku dibabar resmi sareng karo Temu Karya Sastra Jawa 2016. **(pdm)**

SSJY, 26 Taun

SANGGAR SASTRA JAWA YOGYAKARTA (SSJY), sawijining paguyuban para pengarang sastra Jawa ing tlatah Yogyakarta sakiwa tengen. Diayomi dening Balai Bahasa Yogyakarta (BBY), SSJY ngadani sawerna kegiatan mligine nguri-uri lan nglestarekake sastra Jawa. Saben 2 sasi sepisan ngadani patemonan kanthi adicara dhiskusi sastra Jawa, pentas seni olah kridha, lsp. Saka kegiatan mau diajab para generasi bisa aktif ing donya sastra Jawa, mula saben patemonan akeh para mudha mligine siswa SMA lan mahasiswa sing aktif.

SSJY uga nduweni majalah basa Jawa sing dijenengi "*Pagagan*" kang ateges lemah subur sing siap ditanduri, para angggota sanggar padha olah gladhi ngisi Pagagan. Dina minggu 26 Februari 2017 SSJY ganep umur 26 taun lan dipengeti kanthi mapan ing Balai Bahasa Yogyakarta. Maneka warna seni mligine seni sastra Jawa diparagakake kaya dene maca geguritan, sandiwara, macapatan, lsp. Diparagakake dening para siswa SMA lan mahasiswa. Jroning sambutane kepala BBY kang diwakili Bp. Hery Mardianto ngandharake yen Balai Bahasa nyengkuyung kegiatan SSJY kang mula wis dadi tugas lan jejibahane Balai Bahasa Yogyakarta, mengkono!. **(aye)**

"Diskusi Kebangsaan"

Paguyuban Wartawan Sepuh

PRIYAYINE, akeh kang wus yuswa. Sepuh lan pensiun saka kantor. Nanging padha guyup rukun, bebarengan gawe pakaryan kang kaangkah bisa murakabi lan temanja tumrap masarakat. "Sanajan wis sepuh, ning tetep kudu migunani," ngendikane Oka Kusumayudha, sesepuhing para wartawan sepuh.

Anggone padha duwe krenteg memangun bangsa kinathen rumaketing paseduluran, mat sinamatan, gawe saya tuwuh ngrembakane rasa kabangsan, kudu tansah kaudi. Bobot antebing rasa kabangsan, tumrap bangsa Indonesia, kudu tansah dadi punjering laku jantraning panggayuh luhur. Paguyuban Wartawan Sepuh (PWS) Yogyakarta, ngadani pasamuan mirunggan kanggo hambabar lan adu rembug manis, ngudhari wigatining perkara anggone padha memangun bangsa lan nagara. Anggone padha pirembagan jurnal/kalawarti mirunggan. Sabanjure jurnal kaaturake marang para kang kawogan ing pusat lan daerah. "Jurnal Kebangsaan" mujudake sari-sarining pangandikan wigati ing "Diskusi Kebangsaan". Kepara, lampahing diskusi uga karekam video, banjur kabiwara ing stasiun televisi siaran, Jogja TV, Tradhisi Tiada Henti.

PWS duwe pangajab, sari-sarining sarasehan bisa kanggo urun rembug, sumbangsih kanggo para kang duwe wajib mranata bangsa lan nagara. PWS Yogyakarta banjur yasa Perkumpulan Pewara Wredhatama kang karesaya madeg dadi suh anggone ngadani "Diskusi Kebangsaan". Ing tahun 2017, wis kelakon kagelar sarasehan kaping telu. Sepisan, ngenani bab "Kabangsan lan Swasembada Pangan". Kapindho, "Kebangsan lan Media Massa". Katelune, "Kabangsan lan Sumber Daya Alam". Wulan April 2017 kaangkah rembug bakal hambabar



● ***"Diskusi Kebangsaan" kang kagelar dening PWS Yogyakarta.*** *(foto-fid)*



● ***Para panyarta "Diksusi Kebangsaan" PWS, Februari 2017*** *(foto-fid)*

tansah mugen ing babagan "wawasan kebangsaan". Oka Kusumayudha, pangarsaning PWS Yogyakarta ngendika, "... punjering perkara kabeh bali marang bobot maknane rasa kabangsan. Mula kanca-kanca wartawan sepuh padha sarujuk diadani 'diskusi kebangsaan'. Sepisan saben wulan, diangkah kabeh kaping 12 ing tahun 2017."

Ngendikane, PWS Yogyakarta pancen sengaja ngrancang amrih anggone hanggelar sarasehan ora winates hamung madheg ing pangandikan. Mula saben kagelar, "Diskusi Kebangsaan" tansah digawe gatraning wawasan, gagasan, panyendhu panyaruwe, wujud *rekomendasi,* kang banjur kabiwara nganggo bab kang ana gandheng cenenge karo kebudayaan. Sabanjure saben sasi bakal tansah kaadani "diskusi kebangsaan". Dene ingkang paring pangandikan ora mung mligi saka para wartawan, nanging uga ngaturi para winasis. Anggone ngadani sarasehan mirunggan iku, PWS makarya bareng kalawan para sumitra kang suyud marang amrih lestari lan temanjaning makna lan rasa kabangsan. "Diskusi Kebangsaan" uga sinengkuyung dening para winasis ing pamulangan luhur, seniman-budayawan, anggota legislatif, aktivis sosial, lan para pengembating praja. **(pdm)**

Pakualaman ing Keistimewaan

MUSTOFA W HASYIM

NALIKA 07 Januari 2016 Kadipaten Pakualaman kanthi slamet lancar misudha Kangjeng Bendara Pangeran Haryo (KBPH) Suryodilogo minangka Adipati Paku Alam X kanthi gelar Sampeyan Dalem Kangjeng Gusti Pangeran Adipati Arya Paku Alam Ingkang Jumeneng Kaping Sedasa ing Bangsal Sewotomo Pura Pakualaman kuwi ateges njangkepi keistimewaan Ngayogyakarta. Sebab sabanjure, panjenengane 25 April 2016 katetepake dadi Wakil Gubernur DIY dening Rapat Paripurna DPRD DIY lan 25 Mei 2016 kasil dilantik resmi dari Wakil Gubernur DIY dening Presiden Joko Widodo manggon ana ing Istana Negara Jakarta.

Para kawula ing Ngayogyakarta rumangsa plong lan mongkog, sebab dwitunggal kang mimpin pamarintahan ing DIY wis ganep maneh, kanggo nyengkuyung amanat ageng kang aran keistimewaan DIY.

Menawa Eyang Juru Mertani hiya Ki Patih Mandaraka isih sugeng ing jaman saiki, panjenengane kena dipesthekake melu plong lan mongkog, Panjenengane percaya menawa Gusti Paku Alam X bakal marantasi gawe melu nyengukuyung amanat ageng mau. Apa kira-kira wadine kang isa dibukak ing tulisan iki? Seka ngendi wae sandi jaman kang bisa diwaca saka anane Pura Pakualaman iki?



Eyang Juru Mertani kang kagungan ngelmu linuwin babagan nata owah gingsire jaman dan keprajan lan kasil kanthi slamet bisa nylametake pindahe keprajan Demak tumuju Pajang, saka Pajang tumuju Mataram Islam Kotagede janjane mono mbiyen ya melu nangis rikala keprajan Mataram Islam dirojah-rajeh dening Walanda lan Inggris nganti dadi papat keprajan. Kasunanan Surakarta, Kasultanan Ngayogyakarta, Kadipaten Pakualaman lan Mangkunegaran. Nanging Eyang Juru Mertani banjur kasil unjal ambegan rikala meruhi anak turune Panembahan Senopati mau janjane isih nyimpen gegayuhan ngrukunake lan nyawijiake Mataram Islam maneh. Kanthi dedalan padha nyambung paseduluran ningkahake anak-turune mau. Utawa kanthi rembugan kang mathis (taktis) rikala amenangi jaman kang rumpil kaya dene tahun 1945 lan taun-taun candhake.

Gusti Paku Alam I, Pangeran Merdika, lulus saka bolongne dom rikala isa mekak karepe penguwasa Inggris kang arep ngremuk sawalang-walang Kraton Kasultanan. Sri Paduka Paku Alam VIII uga lulus ujian jaman rikala sarujuk karo Sri Sultan Hamengku Buwono IX nggabung marang Republik Indonesia. Malah setya tuhu ambiyantu Negara Repbulik Indonesia rikala ngungsi lan ndadeake Ngayojakarto dari ibukotane Republik Indonesia. Kanjeng Gusti Paku Alam IX uga lulus ujian jaman, ngancani Kasultanan Ngayogyakarta lan masarakat ngrampungake rembugan lan dadine DIY minangka Daerah Istimewa tahun 2012 kanthi resmine UU NO 13 tentang Keistmewaan DIY. Undang-undang iki wigati banget kanggone sapa wae kang manggon ana ing tlatah DIY. Sebab ngemot limang perkara penting. Yaiku, perkara aturan ngisi jabatan Gubernur lan Wakil Gubenrur DIY kanthi ditetepake dening DPRD DIY, perkara kelembagaan pemerintah DIY, pertanahan, kebudayaan lan tata ruang.

Saiki Kadipaten Pakualaman genah wis mlebu ana ing alam Keistimewaan. Gelem ora gelem kudu nyengkuyung amanat ageng mau. Lha sangune kanggo nyengkuyung mau apa? Miturut cara mikire lan panjangkane modhel Eyang Juru Mertani sangune mau ya sejarah perjuangan trah Pakualaman. Sejarah kang wis kasil ditulis kanthi tulisan lan kanthi lelaku apik para leluhur mau. Iki bisa dilacak ana ing Perpustakaan Pura Pakualaman lan ana ing Museum Pura Pakualaman. Lha, sangu kang kaping pindho, iya unen-unen kang diugemi karo trah Paku Alaman.

Joglo regol kang ana ing lawang utama Pura Pakualaman diwestani *Wiwara Kusuma Winayang Reka*, kalawan makna kaslametan, keadilan lan kebebasan. Unen-unen kang nyawijiake semangat njaga kaslametan kabeh manungsa lan alam donya sak isine, semangat njaga keadilan marang sapadha-padha lan melu kiprah ngisi lan nggerakake (mendinamisasi) keistimewaan kanthi kebebasan kang tansah diukur kanthi rasa Jawa, njaga kawruh Jawa lan njaga pasrawungan Jawa kang cetha dipasang ing regol utama Pura Pakualaman iki pancen mathis dadi sangune Trah Pakualaman kanggo nyengkuyung amanat ageng kang jenenge keistimewaan DIY. Mesthi bae, para kawula Ngayogyakarta ingih iya dikeparengake utawa ndherek nyepeng unen-unen kang larang regane wau.

"Dadi, sangune njaga Kestimewaan Ngayogyakarta ora ming bandha utawa dana kang akeh. Kudu diganepi nganggo sangu utawa jimat unen-unen mau," ngono mau kaya-kaya Eyang Juru Mertani ngendika ana ing sawijine wengi kang sepi. Nuwun.

Panyerat menika inggih asli Kotagede, dados mantunipun warga Pakualaman.

Tradhisi "Labuh Tandur" lan "Wiwit" Rukune Wong Jawa Marang Sesama

KI JURU BANGUNJIWA

GUYUB rukun, ayem tentrem saiyeg saeka kapti, sesantining para kadang tani ing padesan. Mulane, bot repoting warga banjur ditandangi bebarengan. Semono uga, ing babagan tandur nganti panen. Sanak kadang tani, kaya kang ana ing Desa Sriharjo, Kecamatan Imogiri, Kabupetem Bantul, duwe tradhisi **"Labuh Tandur"**. Tradhisi mirunggan, tandur pari bebarengan.

"Labuh Tandur", uga dadi sarana munjuk ing Pangeran. Caos rasa syukur, karana anane pari, sanak kadang tani bisa nyambung urip. Pari, mujudake pralampita lestarining manungsa. Mulane, ing Desa Sriharjo, sadurunge tandur, utawa nanem winih pari, warga mesthi nganakake selametan "Labuh Tandur".

Nyuwun marang I ngkang Paring Gesang, supaya tetuwuhuhan, mligine pari, adoh saka ama. Senadyanta uba rampe kang diagem ana ing upacara saiki wis saya susut tinimbang kang dipigunake dening para leluhur, ananging bakuning upacara isih lestari.

Sadurunge upacara, warga Desa Sriharjo gawe ubarampe kang awujud sega tumpeng, ingkung, jenang abang putih, kuning lang ijo. Ubarampe iku dijangkepi jajan pasar. Uga kudu ana pari kang wus siap ditandur, wujud bibit. Slametan "Labuh Tandur" uga duwe pangajab supaya pari kang ditandur, tuwuh ngrembaka, subur ijo royo-royo, lan mentes panene. Manungsane slamet kabeh, antuk pitulungane Ingkang Maha Kawasa.



● ***Upacara tradhisi 'Wiwit' kang wis kareng-ga dadi tontonan.*** *(foto-pdm)*

Uba rampe dadi pratandha tekade para kadang tani anggone nyawiji, saiyeg saeka kapti nggarap sawahe bebarengan, urip guyub rukun, laras karo alam lingkungane. Mulane, "Labuh Tandur iki" isa ingaran sesantinine wong Jawa: "Aku-alam-Allah". Ubarampe, pralambang nyirnakae batin ala, kang kadhangkala tanpa disadhari dening masarakat. Kayata iri, jahil, pengin menange dhewe, lan liya liyane.

Uba rampe dikirab dening para tani nuju sawah kang wus tinamtu. Kirab mubeng desa supaya masarakat tani wanuh maneh marang tradhisi kang wus nate ditindakake dening para leluhur. Sabanjure ubarampe didongani dening paraga ingkang pinilih. Tumuli, upacara pagas tumpeng.

Pamilihe dina "Labuh Tandur" para kadang tani uga migunakake petung kang tliti gayut karo pranata mangsa. Jaman kawuri, para kadang tani sejatine wus ahli ing babagan tanem tuwuh. Kayata, *sistem* kang sinebut SRI (*System of Rice Intensification*). Tegese, saben bolongan amung ana bibit pari siji supaya ora rebutan pangan lan bisa tuwuh kanthi apik. Dene jaraknaneme udakara 30 X 30 cm. Kanthi mengkono diajab oyode bisa ngrembaka lan asung gisi kanggo ngrembakane taneman. Sistem SRI iki uga ngatur anane banyu. Mulane jaman kawuri ana kang tugas mligi jaga banyu kang sinebut Ulu ulu.

"Wiwit"

Para among tani nyebut pari iku panjelmane Dewi Sri. Umume, sakdurunge panen pari masarakat ing tlatah Dusun Ganjuran, uga nindakake upacara "Wiwit". Sadurunge upacara kawiwitan, sesepuh upacara "Wiwit" maos mantram sinambi mbuwang sesaji ing saben pojoking sawah kang arep dipanen. Ulen pari dipangkas nganggo ani-ani, cacahe ulen miturut gunggunge neptu dina lan pasaran nalikane "Wiwit". Ulen pari kang pinangkas banjur ditali (diuntil) lan godhonge dinam utawa diklabang dari ron until, pindha manten. Untilan ulen pari mau banjur diasta kondur ing dalame kang kagungan sawah. Mula wiwit uga asring diarani "Sri Mulih" utawa "Sri Boyong". Banjur kasimpen ing dalem lan tembene dadi perangan winih. Ora pareng disosoh dadi beras.

Sawuse iku ingkang pada rawuh ing upacara "Wiwit" banjur padha dhahar sesarengan. Kang kadhahar, uba rampe kang wus didongani mau. Dhahar bareng, kepara bocah-bocah cilik pareng ndherek kembul "sega Wiwit".

Unine mantram mau mangkene:

"Kaki dhanyang/Nini Dhanyang Hyang Semara Bumi ing tulakan lan pojok wetan-kidul-kulon-lor sawahe Pak Anu utawa Mbok Anu, aku disraya ngaturake sesaji pesenanmu pinangka pituwase Pak utawa Mbok Anu marang sliramu sing wis melu njaga lestarine tanduran lan parine."

Menawa kita gelem teliti lan gelem naliti, basa kang dipigunakake basa ngoko. Basa iki dadi pratandha anane pepadhaning urip. Tegese, dudu basa kanggo menembah. Sejatine, ubarampe ing "Labuh Tandur" lan "Wiwit" pinangka pepelinge wong Jawa amrih bisa lestari guyub rukun, ayem tentrem urip ing padesan, laras lan resep. Eling purwaduksina, sangkan paraning dumadi. "Tumengaa ing Angkasa, Tumungkula ing Pertiwi". Eling marang bumine kang gawe urip lan panguripane. Bisa sareh, kurmat marang sapadhaning titah, kang katon uga kang ora katon. Tradhisi leluwure kang sinandi, ananging katampa kanthi lamba. ***


Srawung-Sedherekan ingkang Elok-Edi

(Perangan I)

HERMAN SINUNG JANUTAMA

Purwaka

ESTUNIPUN pasrawungan tuwin pasedherekan antawis tiyang Jawi kalebet ing perkawis budaya. Pramila babagan srawung-sedherekan punika yekti sampun tumata ing tanah Jawi saking jaman kina makina. Tumrapipun tiyang Jawi, budaya srawung-sederekan punika sesambetanipun kaliyan rasa ingkang kawedal saking prenthuling ati tuwin telenging jiwa. Pramila endah saha hayuning srawung-sederekan ing tanah Jawi sampun saking jaman para luhur rumiyin tansah adhedhasar panggulawenthah budi-pekerti ingkang luhur. Kawontenan ingkang kados makaten punika, menggah penggalihanipun janma ngakathah ing mancanagara mbokmanawi badhe karaos ganjil tuwin aneh. Menawi dipun gagas-gagas kadosta jalaranipun mboten amargi piwulang saha kawruh Jawi ingkang katelah nama aneh. Punapa malih awit saking penemu saha sarira tiyang Jawi ingkang kawastanan ganjil. Ananging mbokbilih jalaranipun awit saking pangudi-kawruh jiwa ing manca punika taksih karoban dening panyeluding wisaya. Sawijining wisaya ing pangudi-kawruh manca inggih punika anggenipun tansah sami remen andunungaken sedaya kawruh saha piwulangipun dhateng perkawis bandha raja brana. Utawi andunungaken sedaya daya akal-budinipun mligi namung wonten ing kasunyatan jasadiyah utawi badan-jasmani. Kajawi punika lajeng pangudi-kawruh mancanagara kalangkung anggenipun remen migatosi punapa kemawon ingkang kasat mata. Pikajengipun pangudi-kawruh manca kagubel ing piyandelan ingkang asring dipun wastani mligi *materialisme*.



Pramila lajeng tiyang ngakathah ing mancanagara mboten gampang malih anggenipun nyuraosi babagan nyunyuda utawi meper hawa lan nepsu. Menggah anggenipun ngudi kawruh lajeng kasaput ing mawarni-warni pepedhut, dados jalaran anggenipun mboten kasembadan dumugi ing kawruh utawi *sciences* (sains) ingkang lembut, lebet, saha sinuksma. Manawi lajeng migatosi ngalam ingkang kawastanan lembut, kadosta *virus, bakteri, atom, elektron*, lsp, inggih taksih wonten perangan badan-jasadiyah renik saha ingkang kawastanan *partikel* materi.

Semanten ugi pangudi-kawruh manca ingkang migatosi babagan lampahipun janma titah ing marcapada. Piwulang saha kawruh manca taksih kagubel ing seserepan bilih tiyang ngakathah punika mligi namung kadosdene siti lempung ingkang sageda obah tuwin polah. Pramila sedaya prekawis jagad alit napandene obah mosikipun hawa nepsu mboten kanthi dipun wigatosi wonten ing kawruh sosiologi, anthropologi, lsp. Pramila dadosa limrah bilih ngudi kawruh ing mancanagara taksih kalimput ing remen cocongkrahan saha labet sami rebat leres dhateng gagandhulan, tekad, tuwin piyandelanipun piyambak-piyambak.

Ing tanah Jawi perkawis ngudi kasembadaning piwulang saha kawruh babagan srawung-sederekan sampun kaanggit ing rupi-rupi seseratan. Manawi anggenipun nyuraosi lajeng nganggé pangudi-kawruh utawi seserepan cara nalaripun landa ing mancanegara, sampun tamtu panyuraos saha seserepan ingkang badhe kasumurubi saged gingsir saking sasana kaleresan. Jalaranipun sampun kapratelakaken ing nginggil. Mila seling surup seserepan punika katelah wisaya ingkang sageda nggingsiraken seserepan ingkang dumunung wonten ing pangertosan kita pribadi.

Kados pundi anggenipun saged mangertos nampeni suraos piwulang saha kawruh saking rupi-rupi seseratan kawruh Jawi punika, inggih mboten sanes kedahi mituruti dhateng gumelaring akal-budi saha pranata pangudi-kawruh ingkang sampun nyata kaangge dening para Kawi saha pujangga winasis ing tanah Jawi.

(1)

Budaya menggahipun para Kawi saking tembung budya-daya. Jarwanipun dayaning budi-pekerti utawi dayanipun *akhlaqul karimah*. Pramila budaya luhur punika mboten saged dipun jarwa sami kaliyan tembung *culture* ing tatanan pangudi-

kawruh mancanagara. Amargi tembung *culture* punika katelah asal-usulipun saking tembung *cult*. Tembung cara Inggris punika tegesipun amuja ingkang adhedhasar *cultisme* utawi pangultusan saha pamujan. Pikajengipun benten kaliyan atur pamujan saking tembung *puja* utawi *pamuji* ingkang wonten ing salebeting pangudi-kawruh saha piwulang Jawi. Tembung *puja* ing kawruh Jawi jarwanipun sesambetan kaliyan atur panuwun dalah munajat, munjalat ing ngarsanipun Gusti Ingkang Hakarya Jagad. Ringkesipun, *puja* punika *madrawa* atanapi *dudunga*. Mila manawi jarwa *cultisme* punika ingkang dipunugemi, tamtu saged andadosaken seserepan kita kagubel wisaya. Langkung-langkung malih menawi pangertosan *cultisme* ingkang seling serep kalawau katularaken ing ngakathah kanthi sarana lesan utawi seseratan, sampun tamtu badhe kasebaraken kalangkung ageng kaliyan kalangkung wiyar wisayanipun.

Kados kawontenan sapunika, kacihna bilih tiyang ngakathah sampun sami ngugemi seserepan perkawis budaya ingkang kawisayan *cultisme*punika. Kabudayaning Nuswantara - kalebet budaya srawung - sederekan- lajeng kablasukaken ing panampi ingkang tebih saking sasana kaleresan. Kathah sanget ing ngatasipun tiyang ngakathah sapunika ingkang gadhah panampi tuwin seserepan dene budaya saha kabudayan namung kalebet prekawis adat-istiadat saha ritual-tradhisional. Pikajengipun menggah tiyang sapunika budaya mboten badhe saged laras kaliyan *ilmu pengetahuan* moderen, pramila winastanan *non-ilmiyah, anti-kemajuan,* saha mboten saged laras kaliyan wahana *teknologi* saking mancanagara. Wonten ugi seserepan kawisayan ingkang mastani bilih budaya saha kabudayan kalebet ing prekawis dora, duratmaka, saha drubiksa ingkang dadosa reregeding agama. Pikajengipun dene budaya –kalebet budaya srawung tuwin pasederekan- saha sedaya kabudayan ing tanah Jawi hanamung badhe anggubel janma ngakathah ing kamusrikan, takayul, kurapat, saha bidengah.

Hewondene kasunyatanipun mila yekti kosok balinipun. Budaya srawung tuwin pasederekan saha sedaya kabudayan adiluhung ing tanah Jawi yekti mboten sageda katebihaken saking agami. Amargi sedaya budaya saha kabudayan kamracihna badhe nenuntun janma ngakathah ing kamulyan saha kawilujengan. Budaya srawung tuwin pasederekan ing tanah Jawi punika wigunanipun kalangkung ageng. Boten namung mligi tumrap tiyang ngakathah ing tanah Jawi, langkung-langkung ugi kangge gesangipun sedaya titah ing marcapada. Ancasipun mboten sanes inggih amrih sedaya tiyang tansah sageda ngagesang kanthi tata tentrem, minulya, saha karaharjan. Pramila ngudi kasembadaning piwulang saha kawruh budaya babagan srawung-sederekan dadosa prekawis ingkang perlu saha wigati. Kajawi punika ngudi kawruh budaya srawung-sederekan prayoginipun telatos tuwin mituruti sedaya tatanan pangudi-kawruh Jawi ingkang sampung kagelar dening para Kawi tuwin para winasis. Ancasipun inggih mboten sanes namung amrih saged dumugi ing suraos ingkang sunyata.

Wonten sawijining ungel-ungelan ingkang sampun dipun sumurupi dening tiyang ngakathah. Inggih punika ingkang kapacak kadosa ing sangandhap punika.

Kiblat papat, kalima pancer
Sedulur papat, kalima pancer
Pancere ya ingsun kalipatolah

Sasanti ing nginggil ngemu seserepan bilih tiyang Jawi punika kejibahan amanat Gusti Ingkang Maha Welas. Inggih punika angambaraken rahmatipun Hyang Maha Welas dhateng titah sadarum. Anggenipun angambaraken saha anyebaraken rahmatolah punika katelah dhateng sedaya kiblatipun jagad: ngaler, ngidul, ngilen, saha ngetan. Pramila salajengipun amrih sageda anglampahi kuwajiban kalawau, anggenipun anebaraken rahmatolah, inggih prayogi kedah anggadhahi tata krama saha tepa salira ingkang kalangkung luhuripun. Jalaran namung kanthi luhuring tata krama saha tepa salira tumrap sesami, tiyang Jawi lajeng sageda anyambungaken raos sih kawelasan antawis manah saha sariranipun sedaya titah. Tiyang Jawi kedah sageda ambeta budaya adiluhung prekawis srawung-sederekan. Kadosta wonten ungel-ungel ingkang sampun kaserepan ing ngakathah, nggih punika ingkang asring dipun wastani “jawa digawa”.

Awit saking jejibahan punika titah sadarum ing marcapada kaanggep dadosa sederekipun tiyang Jawi. Sedaya titah ing tlatahpundi kemawon kedah sageda kadadosaken sederek. Boten badhe mresani prekawis agami, suku tuwin bangsa, tiyang Jawi kedah tansah nenulari raraosan ingkang semanak semudulur. Pramila lajeng taleripun tiyang Jawi kedah jembar ing bathosipun, lembah manah, saha sageda andhap asor. Pikajengipun mboten lajeng dados jongos atanapi baturipun titah sadarum, ananging sageda jumeneng dadosa pamomong. Kadosa para punakawan ing salebeting ringgit, sageda jumeneng andhap asor dadosa pamomonging jagad. Sinaosa para punakawan punika sejatosipun para dewa.

Cah angon, cah angon, penekna blimbing kuwi
Lunyu-lunyu penekna, kanggo mbasuh dodotira

(Ana candhake)



SAYEMBARA
PENULISAN NASKAH KETHOPRAK
TAMAN BUDAYA YOGYAKARTA TAHUN 2017



TOTAL HADIAH:
RP 41.500.000

KETENTUAN UMUM
Terbuka untuk warga ber-KTP DIY atau warga bermukim di DIY, maksimal berusia 55 Tahun
Tema bebas, tidak menyinggung SARA
Berbahasa Jawa, orisinal, durasi pentas 1-2 jam
Belum pernah dipublikasikan/dipentaskan
Latar belakang cerita: Babad Tanah Jawa (Demak, Pajang, Mataram), Majapahit, atau Singasari
Dewan Juri: akademisi, budayawan, tokoh seni pertunjukan
Naskah masuk paling lambat 15 Agustus 2017
Sayembara tidak dipungut biaya
Ketentuan khusus mengenai teknis pengiriman dan lain-lain bisa dibaca di website
tamanbudayayogyakarta.com

jogja istimewa
MUSEUM EXHIBITION 20-7
museum jogja istimewa untuk indonesia



PAMERAN KOLEKSI UNGGULAN MUSEUM DIY DAN NUSANTARA
YOGYAKARTA, 17-21 MEI 2017

lomba
Lomba Campursari Museum
Lomba Dongeng Anak
Lomba Sellfie
Lomba Mewarnai

tour d museum
Free Shuttle Bus WKM

penampilan
Sekolah Wajib Kunjung Museum
Penampilan Atraksi Budaya
Duta Museum DIY
Games
Dialog Museum

PENDAFTARAN
ARI : SMS/WA : 0812 2698 965 | RIA : SMS/WA : 0812 2767 6619
www.museumjogja.com

GRATIS
PERSEMBAHAN: DINAS KEBUDAYAAN DAERAH ISTIMEWA YOGYAKARTA

Anakku

DENING : RITA NURYANTI



"EHH... HMMM....!!! HHHMMMM.....!!!" Embuh wis kaping pira, tan bisa kapetung Surni tansah unjal napas landhung. Mbuwang mbesesege rasa kang angel rinakit mawa ukara. Angel ditembungake nanging banget perih lan nunjem pulung ati kalane dirasakake.

"Mbok uwis ta, Bu. Digetunana sedina mbethethet, kasunyatane ora bakal malik grembyang kaya kang kok karepake. Ndonga wae, muga-muga Allah tansah ngayomi anake dhewe ing paran. Perkara bali, yen titi wancine rak ya bali. Jakarta kuwi adoh, yen bali rak ya nganggo dhuwit. Anake dhewe durung suwe anggone mbangun bebrayan, mesthine lagi klumpuk-klumpuk nggo nyukupi kebutuhan kang ora sithik. Jare ing kutha metropolitan iku samubarang larang." Rahmadi kang ora tegel nyawang sisihane kang wiwit esuk nganti bakda Asar tansah dhelog-dhelog ing ngarep lawang lan tansah anguk-anguk dalan, thimik-thimik nyedhaki lan aweh panglipur.

"Ora, Pak. Lelakonku iki undhuh-undhuhan saka tumindakku, apa anakku kang duraka marang wong tuwa?! Tilpun wae ora tau, arep nilpun ora ngerti nomere!" Ora kena diampet, Surni prembik-prembik nangis.

"E, e, kok malah kaya main sinetron, nganggo nangis barang. Wangun lho Bune, awakmu dadi tokoh *Ratapan Anak Tiri*, he he he." Rahmadi nyoba ndhagel nanging blas ora digape. Rahmadi dadi ora tegel. Ing teleng atine pating prentul perihing rasa kaya kang dirasakake Surni. Nanging jejere wong lanang dheweke gengsi yen kudu neteske luh. Kanggo nylamur ati kang satemene uga pating clekit kaya tatu kejiwit, Rahmadi klepas-klepus ngrokok mbuwang sebah.

Wong tuwa ngendi kang ora kepengin cecaketan, paling ora sok dikaruhke anake. Luwih-luwih Rahmadi.Anggone bisa nguliahke Setyani direwangi ketekuk keringkel, ora jeneng aneh menawa duwe pangarep-arep antuk tamba anggone ngeprok-eprok balung murih Setyani dadi pawongan kang luwih mulya tinimbang wong tuwane.

"Pak, Bu! Minggu sesuk Mas Dodit arep nglamar!" Rong taun kepungkur bubar wisudha, kaya gludhug ing mangsa ketiga, Setyani ngandharake yen arep dilamar.

"Lha apa ora kerja sik, Ndhuk. Idhep-idhep golek dhuwit nggo nyukupi butuhe dhewe, sokur bisa mbantu ibumu nggo butuh pawon." Rahmadi ngomong alus nggo nyamudana anggone kaget.

"Ibu ki tanggungane Bapak!"

Tan kena dipenggak, ing wulan iku uga Setyani dhaup klawan Dodit. Merga jarene Dodit bocah kutha lan anake wong sugih, pawiwahan mapan ing gedhung lan gedhen-gedhenan. Rahmadi nglilakake sawah kang satemene kanggo cagak urip minangka wragade.

"Pak, Dhik Setyani badhe kula boyong teng Jakarta, kula ditempatke teng mrika, teng departemen keuangan." Tamu bubar, anak lan mantune Rahmadi uga budhal. Panjerite Surni lan Rahmadi kang kepengin ngrasakake ketunggon anak mantu, sedhela wae, blas ora keturutan.

"Sapa sing bangeteeeeennnnn.....!!!" Rahmadi mbengok sora.

"E, Pak! Ngapa njenengan ki, arep maghrib kok bengak-bengok!" Surni kang isih ajeg neteske luh njenggirat krungu pambengoke Rahmadi.

"He he..., aku kegawa panandhangmu, Bu. Tanpa sengaja aku ngalamunke anak lan mantu kang kepengin dadi jambu mete."

"Apa kuwi, Pak?"

"Kuwalat!"

"Bapaaaaakkkkk.....!!! Ibuuuuu.....!!! Aku kangeeeeennnn.....!!!" Tan kinrawuhan sangkane ujug-ujug Rahmadi – Surtini, ditubruk bocah wadon karo nggendhong anak umur setaunan. Swarane kaya wis biasa dirungu, nanging sapa?

"Ha?! Setyani?!" Tangise Surni bali ambrol sawise mangerteni sapa kang teka. Anake wadon lan putune diruket kenceng, eman yen nganti uwal.

"Endi bojomu?" Kegawa ati kang durung lilih, Rahmadi nyuwara sengak.

"Repot, Pak. Mas Dodit lagi diklat, mula tinimbang ana ngomah dhewekan, aku diwenehi wektu seminggu kanggo liburan."

"Aku matia pisan, tangeh gelem bali!"

"Pak?! Nyebut! Aja ngomong sing ora-ora. Diamini malaikat kapok! Wis Ndhuk, aja digawe ati omongane bapakmu. Ngerti ta, bapakmu mutungan!" Sajak lali apa kang mentas dialami, Surni byak padhang karana tan kinira ketekan anak putu.

Rahmadi klunuh-klunuh nglungani. Atine durung bisa nyapih hawa.Batine ngundhamana worsuh klawan kuciwa, "Disekolahake dhuwur-dhuwur kok ora ngerti wong tuwa. Ora kacek!"

Surni anane mung bungah lan seneng. Mendhung kang sasuwene iki nggumandhul, sirna tanpa tilas.Pindhane kembang kang alum lan meh gogrog, njenggelek teges karana siniram banyu panguripan.

"Bu, Bapak kok kaya ora rena penggalihe ya, aku bali. Aku tak menyang Jakarta maneh wae, Bu." Wengi, sepi, kalane Rahmadi antuk giliran rondha, Setyani rasan-rasan marang biyunge.

"Wallah, Bapakmu ki ya ngono kuwi. Kaya ora ngerti lageyane wae!"Surtini nutupi kang satemene dumadi sadurunge Setyani bali. Ing batin Surtini uga gemedheg ndulu patrape Rahmadi, nanging ewuh aya, sumelang dadi grenjelan mungguhe Setyani. "Wis, saiki ora perlu nggagas bapakmu. Critaa kahananmu ing Jakarta, Ibu kepengin ngerti kaya ngapa ta Jakarta kuwi."

Setyani wiwit crita samubarang bab theg kliwere kutha metropolitan lan panguripane klawan Dodit lan Sinta, anake. Dawaaa...., lan crita kang anyar kinyis-kinyis mungguhe Surni. Surni anane mung manthuk-manthuk, ngguyu, lan sajak gumun. Kaya mangkono iku ta, urip ing Jakarta?

"Mulane Bu, ya nyuwun pangapura yen aku bali kok ora nggawa oleh-oleh apa-apa," Setyani mungkasi anggone crita. "Neng Jakarta mono thik-thik dhuwit, thik-thik dhuwit, mula dhuwit ya kudu diicrit-icrit. Diatur tenan aja nganti kurang. Sing kanggo tombok apa, lan arep nyebut marang sapa? Dha egois, Bu! Mburu kepentingane dhewe-dhewe!"

"Lha ya ora apa-apa. Kowe kelingan wong tuwa wae bungahku tan kinira. Ora bisa tinuku klawan apa wae, sanadyan kalung rante kang gedhe, he he he," wangsulane Surni sinambi

ngutahake guyu. Batine lagi eling," Iya..., ya. Wiwit teka Setyani durung ngetokke apa wae saka tas kejaba klambi nggo ganti karo panganan sing jare khusus kanggo anake. "

"Thuuuttt..., thuuuttt..., thuuuttt!!!" Lagi gayeng-gayenge ngobrol, hape-ne Setyani undang-undang. Pirembugan kasigeg, Setyani ngangkat hape. Surni nyawang tanpa kedhep, sumelang yen ana kang kecicir. Sanadyan Setyani durung crita apa-apa, nanging Surni wis bisa nggarba apa kang bakal tumeka. Pindhane lampu kang sakawit njingglang seket watt, praupane Surni mbleret dadi limang watt.

"Ora perlu sedhih, Bu. Mas Dodit nyuwun tulung Ibu supaya ngeterke aku menyang Jakarta. Sesuk sore mangkat ya, Bu? Aku arep tuku tiket kanthi *online*." Ngrumangsani ibune wis ngerti poking perkara, Setyani ora perlu njlentrehake maneh. Tanpa mikir dawa, Surni nyarujuki. Sing penting tansah cecaketan anak putu.

Wektu lumaku kaya dibalangake. Kaya lagi wingi Setyani teka, saiki wis pamit bali. Kanggo nggemeni wektu kang mung kari sedhela, Surni, Setyani lan anake turu amor nggelar klasa ing ngarep tivi. Gandhengan, sakginggang wae wedi yen uwal.

"Wu...e..., tangi..., tangi! Padhang ndhrandhang isih dha mlungker!" Krana kewengen anggone padha ngobrol tangine kalah dhisik klawan soroting srengenge. Rahmadi bengak-bengok nggugahi.

"Hah? Jam pira iki, Pak?" Surni gedandapan tangi. Ora perlu nunggu wangsulan, Surni enggal cekat-ceket nindakake ayahane wong wadon ing saben esuk.

"Pak, aku mengko sore menyang Jakarta, ngancani Setyani. Jare Dodit wis rampung anggone diklat mula Setyani dikon enggal bali." Sanajan ngampet mangkel, Surni tetep njupukake sega salawuhe lan niyat ngancani kalane Rahmadi sarapan sisan dene pamit.

"Ya kana, wong ya ngancani anakmu. Kepriyea ya tetep anakmu sanajan merem marang wong tuwa." Entheng, Rahmadi mangsuli.

Surni angluh, tanpa greget. Dieyelana tanpa guna. Tiwas dadi rame, tibaning ngendon ngisin-isinke lan ndhedher wirang. Surni mbatin, "Yen mangkene ini sapa kang kebangeten?"

Sidane Surni budhal menyang Jakarta tanpa eseme Rahmadi. Apamaneh sangu, blas. Arep nembung njaluk, Surni ora kasdu ngeculke tembung. Ing tangane mung ana dhuwit sepuluh ewu. "Mbokmenawa ya ora apa-apa," Surni nglipur ati. "Karo anake dhewe, mosok ya arep kapiran."

Embuh kaperbawan saka apa, ing njeron sepur putune Surni mbrengengeng nangis ora leren-leren. Kepeksa Surni ngadeg, ngemban. Bocah bisa meneng banjur turu. Mangkonoa sithik wae arep nyelehke awak, bocah nglilir lan nangis maneh. Sadawaning wengi Surni ngadeg sinambi anthuk-anthuk.

Jam lima esuk sepur mandheg ing stasiun Senen. "O, kaya ngene iki ta Jakarta?" Surni lingak-linguk nyawang kahanan.Anane mung gedheg-gedheg, sarwa nggumun.

"Ayo, Bu. Kae Mas Dodit wis nunggu ana warung!" Setyani nggeret tangane Ibune. Surni manut. Mangkonoa mripate tetep clilang-clileng nyawang kiwa tengen.

"Hhhmmm...., sueger!" Surni krasa pulih otot bebayune kalane wedang teh manget-manget nelesi gurunge. Lagi iki awake krasa pegel-pegel saranduning badan. Mangkonoa satembung wae ora ana rasa keduwung. Kanggo anak putu, sauger bisa nglakoni apa wae bakal katindakake.

"Mangga Bu, dhaharipun." Lagi ngematke rasa anget ing gurung lan weteng krana teh nasgitel, Surni njenggirat kaget. Dodit wis ngadeg ing jejere, nggawa piring isi sega salawuhe.

"Dinggo aku, Mas? Ora perlu repot-repot, taknjupuk dhewe."

"Mboten menapa-menapa, Ibu rak sayah. Mboten wonten awonipun menawi kula pendhetaken," wangsulane Dodit alus manuhara.

"Ya wis kene, matur nuwun ya, Mas!" Surni nampani piring. Tangane enggal nyekel sendhok, wong ya pancen ngelih tenan. Wiwit mangkat saka ngomah durung klebon pangan babar blas. Surni nglirik ing etalase, katon endhog pating glundhung, ayam goreng lan nila bakar pating jekekar, nanging sega ing piringe mung dikancani oseng kacang karo tempe garit. "Ora apa-apa. Lawuh kang paling enak iku ngelih. Yen ngelih, lawuh apa wae bakal enak rasane," pangudarasane Surni jroning batin.

Ora nganti sepuluh menit sega sepiring wis pindhah papan. Wareg tenan, merga pancen akeh segane tinimbang lawuhe. Ning anehe, Setyani apa Dodit kok ora ana sing ngajak menyat. Mlaku-mlaku apadene enggal tekan ngomah. Surni mung diajak crita ngalor ngidul, kaya-kaya lambe nganti kesel ngeculke swara. Kamangka pengangene Surni wis kebak gegambaran ora ketang seminggu seneng-seneng karo anak putu ngubengi kutha Jakarta. Nanging ing kahanan mangkene, Surni enggal menyang omahe Setyani. Ngeluk boyok, nglempengke geger.

"Bu, nyuwun pangapura, ya. Jebul kulawargane Mas Dodit uga lagi padha mrene. Lha yen ketambahan Ibu omahe ora cukup. Mula Ibu kondur wae ya, ngko jam pitu ana sepur ngetan. Mas Dodit wis mundhut karcis kok."

"Dhuh Gusti...," Surni nggeget lambe. Pangrasane ambyar, remuk sawalang-walang.Ora ana kang bisa dirasakake kejaba anyeping luh kang tansah ambalasah nelesi pipi. Karcis kang rinegem ing tangan lan dhuwit sepuluh ewu kang ndlesep ing kanthongan rinasa luwih aji tinimbang anake kang wiwit bayi dilelithik lan digegadhang bisaa dadi bocah utama lan njunjung drajading wong tuwa.

"Anakku???!"Panggrantese Surni sadawane laku.

Puri handayani, 020217

BUDHI WIRYAWAN

Pojok Beteng Kulon

(1996, februari , tabuh siji , panas kemrangas
srengenge semuntak ing lambe-lambe dalan aspal
kang mongah, nggambar ayang-ayang fatamorgana)

Aku nunggu sliramu kang kepancal ing pandulum wektu
ing ngisor wit waru, jalan bantul, pojok beteng kulon
cahyamu bening , kaya pancaran lampu mercury
pipimu adus keringet, nanging wangi wedhak bayi

Wiwit patemon kuwi, sliramu nyawiji ing galih atiku
ora bisa kagambarake nganggo video kamera ponsel
yenta pendhak pengkolan lurung ana rambu anyar
kuwi nduduhake rasa rasaning kasmaran
ora kewilang meneh dening kalender lan jam tangan
kang nedya njaluk randhat ana ing dalane jarum wektu

Nalika kapang kuwi kaya gumelare kepang ing lemah lapang
aku lan sliramu kaya gabah den interi, manjala ing ombaking
smaradhana kang ngapyuk pojoking ati
ora suwe banjur Gusti njejerke lungguhmu,
nyawiji ana ing buku nikah khidmat ing sangarepe pak naib.

Papan iki, dadi prasasti kang kebak gati lan yekti
pojok beteng kulondadi kembang brayanku

Bantul, 1996-2017

Thethet Thuwet

Dalan panguwasa kuwi
rumpil dimas, dimen sikil lan
ati tumata ing karsa

Dalan panguwasa kuwi
nggronjal dimas, dimen tangan
lan lathi tumata ing cipta

Dalan panguwasa kuwi
pindha jurang jero dimas, dimen gembung
lan kalbu tumata ing rasa

Dalan panguwasa kuwi
dudu dalan toll kang ming gari
mancal kaya mobil kang nggawa
rombongan manuk menco
thethet thuwet
thethet thuwet
thethet thuwet

Condongcatur, 12 Februari 2017

Sandhung Lamur

Duduhna mitra, yenta isih ana
lurung-lurung kang lempeng
lurung lurung sinambung jangkung
sepira amba lan dawane
sepira jembar lan parane
nalika sikilku kang kebak nanah bisa mecaki

Kowe, aku lan sapa wae
natih ketaman lamur
ora weruh dunung lan papan
nanging ana kang njarak
nyandhung-nyandhung lamur
ethok-ethok sembur wuwur,
andhum sawur,
dimen diarani misuwur

Nyandhung-nyandhung lamur
ngerti wis lamur isih kumbi ngaku premana
ing kamangka premana kuwi ora mung dumadakan awas
kanggone mripat, nanging sendhang kangggone
kornea kang mapan ana ing ati,

Kebak ing kawicaksanan
gunung madu pangaribawa

Condongcatur, 17 Januari 2017

Budhi Wiryawan, *lair ing Bantul, suka nyerat geguritan cerkak, puisi, cerpen, esai lan opini ana media massa lokal lan nasional. Buku puisi tunggal kanti irah-irahan "Sripah" diterbitke tahun 2009, Mantan wartawan lan komisioner KPU Kabupaten Bantul iki saiki makarya konsultan ing Pusat Kajian Pengembangan Sumber Daya Pemerintahan Daerah (PKPSD Pemda)*

IMAN BUDHI SANTOSA

Gurit Suta Naya, Dhadhap Waru

Papanmu, papanku, mung donya kebak watu
aranmu Suta Naya, tunggal usus karo dhadhap waru
tanggane suket teki, tandurane dudu jati mahoni
sing madhangi ati mung lintang panjer wengi
Papanmu, papanku, ngisor pring ori
duwene mung dlamakan sapengidak
drajade pindha tunggak jarak
mangsane udan kudanan, panas kepanasan
arep nangis isin digeguyu kemladheyan
kang seprana-seprene tansah urip mulya ing wit-witan
Papanmu. papanku, dudu plataran bawera
nyandhing kembang mlathi utawa wijayakusuma.
Wiwit lair kudu narima, ajar dadi lemah
dadi pala kebrungkah warisane simbah-simbah.
Sesuk ajar dadi tuwuhan, kunir sembukan
ngombe tetesing embun saka kringete dhewe-dhewe
Tapak tilase uripmu, uripku, ora ana dongenge
nalika tanah Jawa wis dudu suket godhong sing duwe
2013

Sanggar Pamujan

Sepiné kamar iki, sepiné buku kuna
sumimpen ngisor klasa. Ijèn tanpa kanca
ora naté diwaca jalaran aksarané pancèn ora ana.
Unine mrentul saka ati, saka budi
rasa lan sukma kang njarwani.
Lembarané dudu kertas, nanging karep
dicecep diemban diaras supaya tumancep
mawujud sawisé menep. Samaké teguh narima
resiking jiwa raga, gelar gulung anoraga
Sepiné kamar iki, sepiné ngrasuk wewadi
nglanggati iliné getih, tumuruning sih
ngrucat sing kawistara, ngrumpaka greget pathet
lumantar landheping grahita

Garit Guriting Katuranggan

Kaya lamis lambé tipis njlirit sadawané alis
kaya kendel mripat mblalak idep ketel njawat sanak
kaya pinter bathuk jembar kuping megar ngembat bebener
kaya manteb dhadha mungal pundhak kengkeng nata karep
kaya angkuh gulu cendhak awak pagak tumrap mitra karuh
Dikaya ngapa primbon pawukon, pétungan weton
candraning manuk lan kekayon, arang jumbuh
karo kasunyatan sing kalakon. Kabèh ora ngerti
cipta rasa kang mengkoni duk ing uni
Mula kari samadya aku ngemban basa lan surasa
kari sakuku ireng mudheng sasmita pasemoné.
Rasané èsem lan gregeté isih mranani
nanging wangsit wasitané, wewadi lan wusanané
luput yen dikarang wani, njengkerut
disambung wiron wewaton jaman saiki

Paite godhong sembukan, luwih pait unine wong kedanan.

Paring panyandra tumrap tembung pengalem sundhul langit, kang kawijil saka lathine wong kang nembe kasengsem utawa kasmaran.

[PARIBASAN JAWA]

Ngayogyakarta Kutha Budhaya

TULUS WIDODO

Dhandhanggula :

1. Hangangit sekar kanthi tinulis
   Sinawung ing pupuh Dhandhanggula
   Minangka hanggambarake
   Yogyakarta puniku
   Kang misuwur indenging bumi
   Nenggih kutha budaya
   Ingkang adiluhung
   Budayaning tanah Jawa
   Yogyakarta ingkang minangka punj ering
   Budaya kang utama

2. Para jamhur kang samya hanganggit
   Sagung budi dayaning manungsa
   Kang maneka warna kabeh
   Budi tegese iku
   Olah akal sajroning batin
   Daya pan maknanira
   Kekuwatanipun
   Ingkang awujud tenaga
   Kang ginerba kalihnya dadi sawiji
   Dadi tembung budaya

3. Budaya tumrap manungsa urip
   Migunani marang uripira
   Kang nyukupi sakabehe
   Salwiring butuhipun
   Ingkang lair sarta kang batin
   Ing pagesanganira
   Supadya kecakup
   Mrih ancasira sembada
   Datan kendhat anggenira ngulir budi
   Awujud budidaya

4. Kabudayan tumrap tiyang Jawi
   Kang lumampah ing
   Ngayogyakarta Kaceluk istimewane
   Warisaning leluhur
   Kang awujud maneka wami
   Kakek lan nenek moyang
   Ingkang karya iku
   Pantes dipunlestarekna
   Kang tinilar dumugi wanci puniki
   Sempulur lan ngrembaka

5. Kang sinebut kabudayan yekti
   Nenggih budi dayaning manungsa
   Tan pisah rina wengine
   Lumaku saben wektu
   Cipta rasa karsa sayekti
   Tuwin kang wujud karya
   Manungsa sadarum
   Nenggih ngelmu kang piguna
   Lan tumindak ingkang kasat netra ugi
   Barang kang kawistara

6. Ing Ngayogyakarta pan samangkin
   Kathah warisan king jaman kuna
   Kang dumadi apa wae
   Seni lan sastranipun
   Ingkang endah peni sayekti
   Beksa myang karawitan
   Seni tembangipun
   Kang awujud barang nyata
   Kraton museum pustaka keris candhi
   Bathik miwah busana

7. Wayang kethoprak tontonan sami
   Tan pinetang ing Ngayogyakarta
   Lan upacara adate
   Tradhisining leluhur
   Ingkang patut dipunleluri
   Agama landhesannya
   Pasrawungan rukun
   Lan unggah - ungguhing basa
   Sopan santun gotong royong golong gilig
   Tata krama susila

8. Basa sangkan paraning dumadi
   Hamemayu hayuning bawana
   Manunggal kwula gustine
   Nyawiji greget sengguh
   Datan mingkuh iku sayekti
   Dadya falsafahira
   Ing bebrayan agung
   Kalamun dipunamalna
   Bisa karya tentrem lair trusing batin
   Antuk berkahing Allah

Ngayogyakarta 22 Februari 2017

Bausastra

adhakane : Saka tembung lingga: **adhakan** :
1 gampang ketemune (golek-golekane), kerep kesrambah; 2 caket, cedhak; **adhakane** : kalumrahane (umume).

Tuladha :

Adhakane wong duwe melik kuwi sok nggendhong lali.

dedunung : Saka tembung lingga : **dunung** : 1 enggon, panggonan; 2 prenah; 3 lungguhing prekara; 4 kepetung (klebu) ing wewengkon; **durung (ora) dunung** : durung (ora) mangerti terang, ora cocok karo nyatane; **dedunung** : manggon.

Tuladha :

Akeh wong Jawa kang dedunung ing Suriname.

diendhih : Saka tembung lingga : **endhih** : kalah; **di endhih** : 1 dikalahake (diundurake) tumrap mungsuh; 2 diesur (tumrap panggonan).

Tulanda :

Pangamuke wadya raseksa diendhih dening Raden Abimanyu.

gisik : Utawa : **gegisik** : 1 pawedhen ing pinggir kali utawasegara; 2 pesisir.

Tuladha :

Gisik ing pante Pok Tunggal Kabupaten Gunungkidul pancen mranani.

teteki : Saka tembung lingga : **teki** (dianggep padha karo tembung : **taki**) : tapa; **teteki** , **teki-teki** : temen-temen nglakoni tapa.

Tuladha :

Jaman biyen akeh wong sing teteki ana ing papan-papan kang dianggep wingit.

(sky)

Aksaragita

Aksara "Lĕ (ꦭꦼ) lan "Rĕ (ꦫꦼ)

Jroning Aksara Jawa, ana paugeran sing wis gumathok lan ora bisa diowahi, kaya dene sandhangan: pĕpĕt (ꦼ), taling (ꦺ), taling tarung (ꦺ...2), layar (ꦽ), wigyan (ꦃ), wulu (ꦶ), suku (ꦸ), cĕcak (ꦾ), pengkal (ꦿ), lan pangku (ꦻ); sarta pasangan kang aksarane beda karo aksara legena. Mung wae ana aksara cacah 2 (loro) sing klebu mirunggan, yaiku: ꦭꦽ (diwaca lĕ) lan ꦫꦽ (diwaca rĕ), iki adat sabene njalari bingung wusana tuwuh pitakon, kena apa miturut paugeran, srana tata lair nulis "lĕ" kuwi aksara ꦭ (La) dipĕpĕt (ꦼ) ora kena ꦭꦼ dadi ꦭꦽ. Semono uga nulis "Rĕ" aksara ꦫ (Ra) dipĕpĕt (ꦼ) ora kena ꦫꦼ nanging ditulis ꦫꦽ. (aye)

Tuladha :

Lelana brata	ꦭꦽꦤꦤꦫꦽꦠ꧀ ꧈
Ora kena	ꦲꦺꦴꦤꦤꦫꦽꦠ꧀ ꧈
Rebut balung tanpa isi	ꦫꦸꦧꦸꦠ꧀ꦧꦭꦸꦁꦠꦤꦥꦆꦱꦶ ꧈
Ora kena	ꦲꦺꦴꦤꦤꦫꦽꦠ꧀ꦤꦥꦆꦱꦶ ꧈

Kendhit mimang kadang dewa.

Kendhit mimang, sabukan oyot ringin. Paring panyandra tumrap wong kang tansah begja uripe, pindhane sedulure dewa, tansah winengku kuwasaning dewa.

[PARIBASAN JAWA]

Layang Sing Duwe Mripat

MARGARETA WIDHY PRATIWI



ꦮꦫꦱꦸꦩꦶ

PARABANE Silul, merga bocahe pancen seneng ngeyel lan nggugu karepe dhewe. Umure wis mancik rolas taun. Mesthine bocah lanang kuwi wis lungguh neng kelas enem, nanging babar pisan dheweke ora ketarik sekolah. Saben-saben dikandhani wong tuwane, Silul ora gelem ngrungokake. Dheweke luwih seneng dolan katimbang sekolah. Nalika kanca-kancane padha mangkat sekolah bareng-bareng, dheweke malah dolan menyang kali utawa menyangpasar nunggoni mbokne kang dodolan sega gudheg neng pasar.Njaluk ditukokake jajanan werna-werna, merga dheweke karem mangan. Mbokne Silul kang bakul sega neng pasar Kidul Desa wus bola-bali menehi pitutur, nanging dhasar Silul pancen bocah ndableg. Mula dening mbokne banjur mung dienengake wae sapolahe bocah kuwi.

Awan kuwi ora biyasane Mbok Tuwuh –mbokne Silul- rada gasik anggone ngukuti dagangane, merga ana tangga sing duwe gawe. Gandheng dagangane isih rada akeh, dening Mbok Tuwuh arep dikirim nggone Nyah Icang. Nyonyah ayu sing becik atine kuwi biyasane gelem nuku yen dagangane isih turah..

“Lul, iki terna nggone Nyah Icang,” kandhane Mbok Tuwuh karo madhahi endhog areh, pupu lan menthog komplit nganggo sambel krecek. “Karo layang iki mengko wenehna Nyah Icang ya,” bacute Mbok Tuwuh sinambi ngulungake dluwang sasuwek marang Silul.

Silul nampani besek isi gudheg komplit nganggo endhog, pupu lan menthok. Silul ngulu idu, kemecer meruhi isi besek sing pancen enak kuwi.

“Wis kana ndang mangkat, Lul. Ngati-ati. Aja lali layange wenehna.”

Tanpa nganggo wangsulan maneh, lempitan ketas sasuwek kuwi disimpen ing njero sak.Silul ora perlu takon maneh, merga dheweke wis ngerti omahe Nyah Icang, Cina juragan lenga sing biyasa diblanjani mbokne.

Nanging nalika olehe mlaku durung adoh saka pasar, Silul mandheg ing papan sepi cedhak pos ronda. Dheweke lungguh ing kono, lingak-linguk. Kahanan sepi. Silul nyeleh besek sing ambune njalari weteng ngelih, senajan mau wus mangan akeh. Besek dibukak, lan Silul ngulu idu. Nanging Silul ora gage mangan, dheweke njupuk dluwang sasuwek sing ana ing sak klambine.

“Layang iki mesthi weruh yen aku lagi mangan, saiki takdhelikane dhisik,” Silul ngudarasa dhewe banjur ndhelikake layange mbokne iku ing suwalike cagak.

Bareng rumangsa wus ndhelikake layange, Silul gage mbukak besek isi lawuh komplit kuwi. “Lawuh enak kaya ngene je, nek takpangan separo rak Nyah Icang ora ngerti wong layange wis takdhelikake,” ngono gagasane Silul.

Silul sing mula dhokoh mangan kuwi klakon ngentekake pupu lan menthok ing besek. Mung kari sinisa endhog rong ngglundhung, pupu telu lan menthok wis ora nyisa. Rumangsa wareg lan tutug, Silul age-age nutup besek. Ora lali njupuk layang sing mau didhelikake, lan gegancangan menyang omahe Nyah Icang.

Nyah Icang nampani besek lan layang saka Silul. Maca sedhela lan niliki besek, banjur orek-orek ana ing kertas kuwi. Besek lan kertas diwenehake marang Silul. Karo mesem Nyah Icang celathu, “Wis kana iki wenehna mbokmu, Lul. Nya kowe taksangoni rongewu.”

Dhuwit rongewu ditampani kanthi bungah. Gegancangan mulih menehake layang marang mbokne. Sing kaget Mbok Tuwuh, geneya besek dibalekake dening Nyah Icang

“Lul, mrenea dhisik. Iki piye la kok besek dibalekake meneh, besek iki isi lawuh ben didhuwiti Nyah Icang. Endi layange mau?” Mbok Tuwuh ketara muring, apamaneh nalika meruhi isine besek kaya wis dioker-oker.

Silul ngulungake dluwang sasuwek, kang gage diwaca dening mbokne.

“Silul! Geneya kowe mangan isi besek iki?”

Silul kaget, geneya mbokne ngerti yen dheweke mangan isine besek kuwi kamangka genah cetha yen mau layang kuwi wis didhelikake kanthi primpen. Mesthi layang kuwi sing wadul marang mbokne.

“Sapa sing kandha nek aku mangan, Mbok? Layang kuwi ya sing wadul marang simbok?”

“Ooo alaaahh Lul, Silul.....mula kowe ki sekolaha ya, Le. Ben mudheng....ben pinter. Kene takkandhani,” Mbok Tuwuh ngajak lungguh anake banjur nuturi kanthi sareh.

“Delengen, simbok mau nulis neng kene: *‘Nyah, iki menthok karo pupu telu, endhog loro regane 95 ewu, dhuwite wenehna anakku’* Layang iki tulisan, ora duwe mripat nanging isa omong arepa mbokdhelikake nanging tetep isa diwaca. La iki wangsulane Nyah Icang, neng kene dheweke nulis: *‘Mbok, isine mung kari endhog loro, sajake wis dipangan dening anakmu, takbalekake wae’*

Silul njaluk ngapura marang mbokne. Wiwit dina kuwi Silul kepengin sinau kaya kanca-kancane, supaya bisa maca lan dadi bocah pinter kaya liyane.

●●●


ASHADY
2014

Sendhang Planangan

AGUS SUPRIHONO

KRAMATAN. Dhusun asri, lingsir wengi. Katon pawongan loro padha jagongan, ngadhep senthir kang urube mobat-mabit kasempyok angin.

"Kula mboten nginten manawi Kanjeng Sunan kelampahan dumugi Dhusun Ngino mriki," ature salah sijine pawongan, kebak rasa kurmat.

Kang sisebut Kanjeng Sunan, ora liya Sunan Kalijaga, mesem. Karo mrenahake susur ing tutuke, Sunan Kalijaga paring wangsulan. "Suwe nggonku cukla-cukli mbremana sandi nggoleki kowe, Bregas. Meh surup iki mau aku ngganda sangiting geni bedhiyan lan weruh sawah kang jembar kebak tetanduran janganan ijo royo-royo. Ngresepake ati," ngendika mangkono, Sunan Kalijaga nolah-noleh nggoleki wadhah kanggo mbuwang dubang, idu kinange. Nanging tetela ora ana. "Kowe ora duwe paidon, Bregas?" pitakone Sunan Kalijaga.

Bregas, kang ing Desa Ngino kono katelah Mbah Bregas gragapan ditakoni mangkono kuwi. Ketang nggone bungah merga dirawuhi Sunan Kalijaga dheweke nganti kelalen nyepakake keperluwane tamune.

Mbah Bregas agahan menyat nggoleki sedulur Desa Ngino kono saperlu njupuk paidon. Nanging ing wayah ngene iki wong-wong lagi padha bikut nata untingan suruh sing bakal dikirim menyang pasar Ngino. Nganti sawetara suwe Mbah Bregas lagi kepethuk saweneh wong sing mlaku karo nyunggi bongkokan suruh.

"Mbok aku njaluk tulung jupukna paidon ing omahku. Banjur larapna ing Kramatan. Aku lagi nemoni Kanjeng Sunan sing rawuh mrene," panjaluke Mbah Bregas marang wong mau.

"Nggih, Mbah. Mangkih kula dugekke teng Kramatan," wangsulane pawongan iku.

Mbah Bregas lega. Dheweke enggal bali ing Kramatan nemoni Sunan Kajijaga, wis suwe ora sapatemon karo guru spirituale mau. Dheweke uga kangen kepengin entuk tambah kawruh agama lan wejangan-wejangan sanguning urip. Ngelmu sejatining panembah.

Sunan Kalijaga mung sewengi ing desa Ngino kono lan banjur pamit tindak maneh mengidul, yasa Tuk Sibedug, banjur rikmane gregel ing Desa Grogol lan terus nerusake tindake.

Dadine Mbah Bregas durung klakon bisa nampa wejangan Sejatining Panembah. Mbah Bregas keduwung lan sedhih. Apa maneh, tetela paidon kanggo buwang kinange Sunan Kalijaga, ora ana sing ngeterke ing Kramatan. Pratandha wong sing janji bakal ngeterke mau lali, merga ketruwu gaweyan ngeterke suruh neng pasar. Wong-waong uga ketungkul nyambut gawe ing wajah wengi, nimbi banyu sumur, nyirami tandurane. Suwara senggot sumur ing wengi iku, sing njalari Sunan Kalijaga kepeksa medhot nggone babar ngelmu marang dheweke.

Suwe Mbah Bregas nggone nggetuni prastawa mau. Nanging Mbah Bregas ora blaka. Wusana Mbah Bregas kepeksa blaka apa anane. Kabeh, semu keduwung, Sunan Kalijaga rawuh ora nglegewa, malah padha ketungkul nggone nyambut gawe ngoyak kadonyan. Ora kok ngaji marang Sunan Kalijaga sing tundhone bisa kanggo sangu mbesuk ing alam kelanggengan.

Sejatine Mbah Bregas ora kepengin wong-wong ing padesan kono kagol anggone nyambut gawe. Dheweke ora wentala yen gaweyan sing saben dina ditandangi kanggo sambung urip ing sadina-dina klakon batal. Suwe nggone mbangun desa iki. Wiwit lemah cengkar, wadhas curi lan kebak watu nganti dadi wujud sawah lan pategalan ya merga anggone padha prihatin.

Mbah Bregas trenyuh mireng ature santrine mau. Nganti waspane tetes ing pasuketan. Tetesing waspane Mbah Bregas iki ing tembe dadi sendhang kang aran Sendang Planangan.

"Mboten ngaten, Mbah," ature salah sijine santri. "Kula sedaya ngrumaosi lepat, dene langkung nggatosaken urusan kadonyan tinimbang ngaos. Mila kula sedaya sampun sarembag bilih mboten badhe nanem sedah malih, menapa dene ngecori taneman saderengipun Subuh. Lan samangke anggen kula ngecori mboten mendhet toya sumur, nanging lepen ingkang wonten wetan dhusun menika. Ngawekani mbokbilih sawanci-wanci Kanjeng Sunan Kalijaga rawuh malih."

Mbah Bregas trenyuh mireng ature santrine mau. Nganti waspane tetes ing pasuketan. Tetesing waspane Mbah Bregas iki ing tembe dadi sendhang kang aran Sendang Planangan. Ing wektu-wektu sabanjure wong-wong desa Ngino kono ora padha wani nandur suruh apadene gawe sumur senggot. Tau ana kang nglanggar nyatane wong mau klakon edan.

Seyegan, 3 Maret 2017

DIEMBANI DENING BALAI BAHASA DIY bby

Tan Kena Ginanti

RATUN UNTORO

TNG madyaning basa Jawa asring tinemu ukara utawa tembung-tembung kang aeng. disebut aeng amarga tembung kuwi mau dudu tembung basa Jawa nanging dianggep, dirasa, lan dinalar kayadene basa Jawa. Contone tembung *milai* ing ukara: "mangga adicara enggal dipunmilai". Tembung *milai* dianggep basa Jawa kang ateges *miwiti* (saka tembung *wiwit*). Kamangka, tembung *milai* (tulisane: *milahi*) mau ing basa Jawa tegese *milah-milah*. Dene akeh wong kang nganggep tembung *milai* duwe teges *miwiti* amarga nganggo rasa lan nalar basa Indonesia njupuk saka tembung *mulai* banjur unine tembung mau dijawakake dadi *milai*. Nyatane, rasa lan nalare wong Jawa wis akeh kang klebon rasa lan nalar basa Indonesia (utawa basa liya).

Sadurunge dijlentrehake gayutan antarane tetembungan mau karo nalar lan rasa, ana maneh saweneh conto tembung aeng kayata *artine*, *istirahat*, *salah*, *mungkin*, *luka*, lan sapanunggalane. Ukara utawa tembung-tembung mau ngebaki pacelathon basa Jawa utamane ing bebrayan kawula muda, malah nganti ora rumangsa kleru. Bab kasebut ngrembaka jalaran akeh wong Jawa kulina krungu lan minggunakake basa Indonesia (utawa saliyane basa Jawa). Bisa uga jalaran ora tau krungu utawa ora ngerti tembung Jawane.

Tembung-tembung mau krasa ngganjel utawa krasa aeng yen dirungu wong Jawa sing ngerti tembung Jawane, amarga basa Jawa duwe tembung kang bisa ngemot rasa lan nalar Jawa. Tegese, tembung-tembunge bisa makili rasaning ati utawa pikiran, nduweni daya nalar kang bisa njlentrehake kaanan lan pangangen-angene wong Jawa. Nalar Jawa ateges tembung mau bisa kanggo ngiket utawa ngrakit perangan-perangan ngelmu sing mligi amung ana ing Jawa. Gampange, tembung Jawa kuwi ora mung mligi ngemu surasa tembung nanging uga magepokan karo ngelmu Jawa liyane. Contone tembung *wiwit* kang ngemot teges *pepucuk* utawa *lekas*. Tembung *wiwit* kuwi banjur nuwuhake jeneng ngelmu adat methik pari sing sepisanan, yaiku *wiwitan* sing mligi mung dumadi ing kabudayan Jawa. Adat *wiwitan* duwe tatanan lan srana ubarampe kang gumathok. Ana ing kana, tembung *wiwitan* wis ora mung ngemot teges *pepucuk* nanging magepokan karo jeneng adat sing ngemot ngelmu. Adat *wiwitan* nglengkara diganti nganggo tembung *milai* (mulai). Semana uga tembung *artine* kang dianggep bisa nyulihi tembung *tegese*. Wong Jawa nggunaake tembung *teges* banjur tuwuh unen-unen: *dadi bocah cilik aja sok ngrokok cendhak*. *Ngrokok cendhak* ngemot tembung *tegesan* kang banjur digathukake utawa dinalar karo tembung *teges*, *neges-neges*. Tembung *teges* lan *neges* kuwi magepokan karo ngelmu wangsalan. Mula mokal yen tembung *tegese* banjur diganti *artine*.

Ing ngisor iki ana nem tuladha tembung aeng lan tembung Jawane kang magepokan karo ngelmu Jawa (wangsalan) saengga nglengkara diganti tembung liya. Ngelmu wangsalan ora mung mligi othak-athiking tembung nanging ngemot nalar lan pikirane wong Jawa sing kebak pralambang. Tembung aeng kang satemene nglengkara nyulihi tembung Jawane mau contone tembung (1) *istirahat* kang dianggep bisa nyulihi tembung Jawa *ngaso*. Kamangka, tembung *ngaso* gegayutan karo ngelmu wangsalan kang unine "roning mlinjo, sampun sayah nyuwun ngaso". Roning mlinjo kuwi jenenge so kang ngemu pralambang tembung *ngaso*. Mula tembung *ngaso* mokal diganti tembung *istirahat* amarga bisa ngilangake ngelmu wangsalan utawa suwalike, ngelmu wangsalan *roning mlinjo* wis ora bisa digunaake maneh; (2) Tembung *salah* dianggep bisa ngganti tembung Jawa *luput* utawa *lepat*. Kamangka tembung *lepat* gegayutan karo wangsalan "wader kali sesonderan, yen lepat nyuwun ngapunten". *Wader kali sesonderan* kuwi jeneng iwak *sepat* kang ngemu tembung *lepat*. Mula tembung luput utawa lepat kudu dilanggengake amarga gegayutan karo ngelmu wangsalan; (3) Tembung *mungkin* dianggep bisa ngganti tembung *menawa*. Kamangka, tembung *menawa* gegayutan karo wangsalan "mbalung geni, mbok menawa aku bisa teka". *Mbalung geni* kuwi tegese *mawa* kang ngemot uni tembung *menawa*; (4) Tembung *luka* dirasa bisa nyulihi tembung *tatu*. Kamangka, tembung *tatu* magepokan karo unen-unen "tatune arang kranjang". Yen tembung *tatu* diganti tembung *luka*, mesthine bakal ngilangake unen-unen kang ngemu pralambang "tatune rengked banget nganti kranjang wae dianggep arang", lan isih akeh maneh.

Ngelmu iku ngemot rasa lan nalar lakuning urip. Kanthi mangkana, manawa sawijining tembung diganti nganggo tembung saka basa liya mesthine bakal ngilangake gayutane tembung kalawan ngelmu liyane.

Tuladha tembung-tembung ing dhuwur negesake manawa sawijining tembung iku ora mung mligi ngemot sawijining surasa nanging magepokan karo ngelmu liyane (salah sijine ngelmu wangsalan). Ngelmu iku ngemot rasa lan nalar lakuning urip. Kanthi mangkana, manawa sawijining tembung diganti nganggo tembung saka basa liya mesthine bakal ngilangake gayutane tembung kalawan ngelmu liyane. Ora mung kuwi, malah bisa uga ngelmu Jawa kang bisa kanggo tuntunan laku jantraning urip uga melu ilang amarga wis kelangan tembung. Utawa, saora-orane, tembung-tembung kang gegayutan karo ngelmu tuntunane urip wis ora dimangerteni tegese utawa ora dingerteni mula bukane tembung kuwi dumadi. Dadi, tembung-tembung Jawa kuwi satemene tan kena ginanti.

Ratun Untoro, *Staf ing Balai Bahasa Daerah Istimewa Yogyakarta*

Sinau Bebasan Jawa

LELUHUR Jawa tansah marisake piwulang utawa pitutur marang tedhak turune. Piwulang mau awujud ngelmu ana ing bebasan, saloka, lsp. Wujud bebasan kayata *Barat katiyup ing angin*. Barat iku uga angin sing cukupan gedhene, bebasan iki meh padha karo bebasan "Angin angangini prahara". Iki ngibarat napasing manungsa sing klebu golonganing angin, tansah makarti ngisep angin ing njaba, lebu wetuning napas wiwit jabang bayi bisa mekarake sarandhuning badan lan panca indriya, nganti teka diwasa, nganti ruwa ilang napase bareng lan lan pecating nyawane lepasing jiwane. Manungsa yen ngudi kasarasaning badan, sarta yen nuju olah semadi maladi ening, kudu tangsah migatekake lebu wetuning napas. Kapriye wewadine napas anggone makarti, gandhenge lan kodrating Pangeran, wajib tansah diparsudi lan digoleki kaya bebasan "anggoleki susuhing angin".

Kilat kreteging samodra. Kilat iku pepadhang mung sagebyaran, mangka iku dadi kreteg utawa piranti dalan kanggo nyambung papan siji lan papan sijine. Bebasan iki minangka sanepane tindak-tanduk kita, muna-muni kita, lan sapanunggalane. Bebasan mung sagebyar kilat, mula aja nganti kliru, sebab menawa nganti kliru bakal anjog tumeka ing papan kang dudu. Bebasan iki meh padha karo bebasan "ngambah wot ogal-agil", yen lulu bisa munggah swarga, yen ora lulus bisa kacemplung nraka jahanam.

Pitutur-pitutur Jawa, sing dilairake lumantar crita dadi luwih gampang ditampa lan dimangerteni lan gampang dieling-eling dening sing padha maca. Luwih-luwih kanggo pamulangan sekolah.

Tanggap pisan kapurnaman. Ana ing tanggal sapisan sasi Jawa iku rembulan katone mung cilik njlirit, dene ana ing rembulan purnama, yaiku ing tangal 15 sasi Jawa, rembulane katon wutuh bunder, sunare padhang anelahi. Bebasan iki mengku karep gegambaran lepasing budi, padhanging ati, sanadyan ing mangsa apa bae, nuju ngalami lelakon utawa kataman ing rasa apa bae, nanging ora nabet, atine tansah padhang narawang pindha wulan purnamasiddhi, yaiku manungsa sing wis luhur budine lan bontos ing ngelmu.

Pitutur-pitutur Jawa, sing dilairake lumantar crita dadi luwih gampang ditampa lan dimangerteni lan gampang dieling-eling dening sing padha maca. Luwih-luwih kanggo pamulangan sekolah. Aneng paribasan sing dicritakake ing buku *Layang Bebasan lan Saloka* (1921) karyane Mas Martasendjaja bisa dilarah lelakone. Cara nandukake sawenehing pitutur biasane yen nglegena apa anane sok angel ditampa dening bocah, jalaran tembung-tembung sing dianggo ing bebasan utawa saloka iku beda karo basa padinan. Upamane bebasan *pupur sawise benjut*.

Bebasan mau digawe crita mangkene Ana priyayi aran Raden Wiradarsana omahe gedhong gedhe siji, kang saemper buri didelehi senthong telu, lawange padha saka buri kabeh. Sakiwa-tengen lan mburine let limang dhepa pinageran bara, dene yen arep menyang ing pakebonan, ing buri ana butulane, sarana lawang kori. Mungguh pager bata mau kang ngarep tepung lan pager temboking omah kang sisih ngarep. Ing sawijining sasi, anake lanang Raden Wiradarsana dadi panganten, paturone ing senthong tengah kang buri mau. Ing kono kancinge lawang rusak, dene wong tuwane wis kerep parentah marang anake kang lagi dadi panganten mau, dikon ngundang tukang kayu, dipurih ndandani kancinge lawang iku. Nanging ora dipaelu, mungguh ciptane anak lanang mau mangkene: "Ngarah apa ora nganggo kancing, dene ing jaba pagere bata dhuwur, korine gebyog santosa."

Ora antara lawas lawas panganten mau kemalingan simpenane sandhangan kongsi entek, weruh-weruh bareng esuk. Dene mlebu metune maling saka ing pakebonan marang longkang sarana andha. Andhane ditinggal sumendhe ing pager bata kono. Panganten lanang durung kongsi ngombe wedang ing wayah esuk, enggal lunga ngundang tukang kayu, bakal dikon ndandani kancing ing lawang kang rusak iku, dene kang wadon dikon aweh weruh marang wong tuwane ing bab olehe kemalingan iku.

Bareng kang wadon tutur, wong tuwane atakon: "Gendhuk! bojomu saiki ana ngendi?" Kang tinakonan matur: "Sapunika saweg kesah ngundang tukang kajeng, badhe dipunken ndandosi kancing kori ingkang risak punika." Bapakne celathu: "O, la iku wong kesed, wong bodho, wong ora ngimanake pituture wong tuwa, reka-reka pupur sawise benjut, esuk umun-umun teka ngundang tukang kayu, yen wong pinter rak nggoleki sisik melik." **(smn)**

Dwitunggal kang Lantip



• ***Charris Zubair*** *(foto-ags)*

SAJRONING Era Keistimewaan DIY, Sri Sultan Hamengku Buwono X lan Sri Paku Alam X ora mung dadi dwi tunggal pemimpin DIY, nanging uga dadi pamangku adat lan budaya. Magepokan karo babagan budaya ing Yogyakarta, mligine Paku Alam, *Sempulur* miterang marang Ketua Umum Dewan Kebudayaan Kota Yogyakarta, Drs. Achmad Charris Zubair.

Miturut Charis Zubair, budaya ing Paku Alam ora bisa pisah karo Kraton, jalaran Kraton lan Paku Alam minangka punjering budaya, ora mung winates budaya wadhag, budaya sing kasat mata, kaya dene bathik, bedhaya, upacara adat lan liya-liyane. Nanging luwih saka kuwi, ana budaya tan kasat mata, budaya spiritual sing wujud nilai-nilai luhur sing uga perlu didhudhah lan diangkat.

Ing wektu-wektu kepungkur, akeh kang ngira, Pakualaman condhong marang Solo. Nanging, panemu kaya ngono mau ora bener. Akeh bab kang bisa kanggo bukti, Kraton-Kadipaten, loro-loroning atunggal. Pak Charris ngendika, salah siji saka putra Hamengku Buwana Vll, Pangeran RM Suryamentaram, sing luwih dikenal kanthi sebutan Ki Ageng Suryamentaram, kiprahe luwih akeh ana ing Paku Alam. Winih nasionalisme uga lair saka Kraton lan Kadipaten.

Salah sijine ajarane Ki Ageng Suryamentaram sing cukup kondhang, sing mbokmanawa kena disebut Zuhud Jawa, yaiku: *Wong sing ngukur sabarang kalir nganggo angka, kuwi jenenge wong pinter, wong sing ngerti anggone njangkah kuwi jenenge wong kang lantip lan wong sing ngerti menyang ngendi panjangkane urip, sangkan paraning dumadi, kuwi jenenge wong waskita*.

"Ajaran Ki Ageng Suryamentaram kuwi satemene mujudake *representasi* saka nilai-nilai budaya Jawa. Wong Jawa, sanajan rakyat cilik ing ndesa uga padha ngerti yen wong sing ngukur sabarang kalir nganggo angka, jenenge ngetung. *Lha* wong sing pinter etung-etung, kuwi arane wong pinter. Nanging tumprape wong Jawa, pinter thok ora cukup. Sawise pinter arep ngapa? Kudu ngerti menyang ngendi anggone njangkah, kuwi sing diarani lantip utawa cerdhas. Nanging kanggone wong Jawa, lantip wae uga ora cukup. Isih kudu diterusake maneh, yaiku ngerti bakal menyang ngendi panjangkane urip, sangkan paraning dumadi. Yen wis ngerti marang panjangkane urip, kuwi sing diarani wong kang waskita. Dadi temene pikirane wong Jawa kuwi wis mletik adoh, ora mung sawates angka, " jlentrehe Charris Zubair.

Miturut Charris Zubair, Sri Sultan Hamengku Buwono IX lan Paku Alam Vlll, bisa sinebut wong kang lantip, awit ngerti menyang ngendi anggone njangkah. Biyen antarane Kraton lan Paku Alam kerep digawe congkrah dening penjajah kanggo kepentingan politik. Nanging, wiwit Sri Sultan Hamengku Buwono lX lan Paku Alam Vlll ngasta panguwasa, cecongkrahan mau wus sirna. Sri Sultan HB lX lan Paku Alam Vlll mujudake paraga kang wus ninggalake feodhalisme lan ngémuti manawa kekuwatan Yogya iku ana ing rakyat.

Pungkasane, tanggal 5 September 1945, Sri Sultan HB lX lan Paku Alam Vlll, gawe maklumat, sing isine, Kraton Ngayogyakarta Hadiningrat lan Kadipaten Paku Alam nggabung marang NKRI. "Tanggal 5 September iku mujudake titik penting, sawenehe keputusan kang lantip," pratelane Charris Zubair.

Taun 1950, jaman Mr. Sunarya Menteri Dalam Negeri, Yogyakarta dikukuhake minangka Daerah Istimewa. Taun 2012, UU Nomor 13 diputusake dadi Daerah Istimewa Yogyakarta. "Keputusan mau kejaba pawadan legal formal, pawadan sejarah, uga pawadan kultural. Mergane, Yogyakarta mujudake sawenehing kekuwatan kultural sing bisa paring *motivasi* (panjurung batin) nasional. Nilai-nilai budaya sing diduweni dening masarakate bakal mangaribawani adeg-pandenganing urip, adeg-pandenganing pandengan urip mangaribawani norma, norma mangaribawani adhat istiadhat, sing kabeh mau bisa kagambar liwat sikap lan prilaku. Lan kabeh nilai-nilai luhur, kaya sikap prasaja, jujur, lembah manah lan liya-liyane, kudune bisa mapan ana Yogya, " pangandikane Charris Zubair. **(din)**

Jagad Sastra Jawa kang Jembar

LATIEF S. NUGRAHA

Judhul : ***Gagaran Lampah: Antologi Esai Sastra Jawa***
Edhitor : Sugito Ha Es lan Sukandar
Cithakan : Oktober 2016
Penerbit : Garudhawaca makarya bebarengan Bijak Jawa dan Studio Pertunjukan Sastra
Kandel : 192 halaman



MACA buku *Gagaran Lampah: Antologi Esai Sastra Jawa*, kaya mlebu jagading sastra Jawa kang jembar. Sastra Jawa, satemene, ora mandheg mung tekan adiluhunge bae, nanging, pikiran lan praktek-praktek kang gepok-senggole karo karya sastra Jawa ora mandheg ing sajroning lembar-lembar kalawarti basa Jawa. Karya sastra Jawa ing jaman kang owah-gingsir nuju modhernitas lan kang ora bisa dijlentrehake iki, nyatane bisa ngiringi ubenge rodha kang banter.

Esai-esai sakjroning buku *Gagaran Lampah* ngejawantah dadi bukti ngadeg jejege Jawa minangka sawijining kebudayaan kang langgeng. Saora-orae ana 29 pengarang kang didherekake dening Mustofa W. Hasyim (minangka sesepuh Studio Pertunjukan Sastra) kang mbidhani laire buku iki, sarta Dhanu Priyo Prabowo minangka salah sawijining penggagas buku iki, uga Iman Budhi Santosa kang maringi gagasan ing gagaran pamungkase, minangka sesepuh sastrawan ing Ngayogyakarta.

Ora selak, dhinamika sastra ing Ngayogyakarta tekan seprene ngugemi kabudayan sesambungan/bebrayan antarane sastra-(wan) Jawa lan Indonesia. Jagad sastra Jawa kajinggleng saka kacamatane para pengarang, penggiat sastra Jawa lan sastrawan, sarta penggiat sastra Indonesia nyawiji ing sakjeroning buku sing kandele 192 halaman iki.

Esai-esai ing buku kasebut ngrembug masalah kang kaya ora kajamah dening para sastrawan Jawa tekan saprene utawa mung sakdrema dadi wacana thok. Lumantar buku iki, katon yen jagad sastra Jawa kang amba iku nyimpen bandha maneka warna, kayata: penerbitan buku sastra Jawa, sastra Jawa ing radhio, majalah basa Jawa, sastra Jawa ing internet, sastra Jawa lan jagad supranatural, sastra Jawa ing sakjerone industri dhistro, sastra Jawa kang urip ngrembaka ing DIY, sastra Jawa ing Jawa Tengah, sasra Jawa ing Jawa Timur, sastra Jawa ing Jakarta, peran instansi pemerintah minangka pengayom pati-uripe sastra Jawa, sastra Jawa sakjeroning lagu hip-hop, sastra Jawa ing panggung teater, dan isih akeh gagasan liyane. Kabeh kuwi diutarakake dening para praktisi laras karo bidhangne. Babagan iki kang wigati, tema-tema kang dirembug laras karo pengalaman para praktisi kang melu nyusun buku kasebut. Senadyanta mangkono, katon isih ana saperangan babagan kang durung kejawil utawa kedumuk minangka gagasan lan anggone ngrampungake masalahe ing praktik-praktik sakjeroning masyarakat sastra Jawa, mligine ing Ngayogyakarta.

Babagan kasebut laras karo apa kang diutarakake Mustofa W. Hasyim ing atur pambuka yen jagad lan pasra-wungan sastra Jawa ing tlatah Ngayogyakarta lan sakiwa tengene satemene isih krasa napas lan ketege jantung. Srawung dadi kunci kanggone uriping sastra Jawa ing dina-dina kang saya mbancang laku lan dikapitalisasi kaya mangsa-mangsa iki. Sastra Jawa ora winates! Ngrembug sastra Jawa gelem ora gelem kudu ngrembug babagan basa lan budaya Jawa. Buku *Gagaran Lampah*, kaya tujuane kang sumelip ing judhul buku kasebut, satemene garan laku urip sakjeroning sesambungan sajroning bebrayan ing bumi Jawa kang mirunggan. Buku kasebut kababar ing tengahing masyarakat nocoki karo wayahe (pas banget). Lire, masyarakat sastra Jawa, mligine ing Ngayogyakarta, sejatine ora oleh selak yen dheweke ora bisa ucul saka patembayatan adiluhung iki.

Kaya ana rasa yen sastra Jawa kuwi kaya njaluk diwelasi. Kamangka, kosok-balene kang kelakon. Emane, prakara kasebut ora katimbangan karo yasan kang mentes temenan. Menawa ndelok karya sastra Jawa jaman saiki, kang kapacak ing kalawarti basa Jawa, kaya-kaya para sastrawan Jawa iku ora duwe rasa syukur karo kanikmatan: yen sastra Jawa isih diwenehi umur kang dawa. Ewa semono, isih ana karya sastra Jawa kang monumental. Karya sastra Jawa kang Jawa.

Kira-kira mangkono kasil wacanku marang buku kang terbit ing pungkasane taun 2016 kuwi. Buku kang bisa dadi pratandha yen sastra Jawa sejatine nduweni daya (urip) kang ngedap-edapi. Buku iki wus samesthine dadi bothekane para sutresna sastra Jawa ing ngendi papan. Jumbuh karo judhule, *Gagaran Lampah*, buku iki bisa dadi pandom urip sakjeroning nyinau sastra Jawa ing jaman saiki lan ing tembe. Nuwun.

Latief S. Nugraha, *alumnus Pascasarjana Ilmu Sastra UGM. Nyambut gawe ana ing Studio Pertunjukan Sastra , Himpunan Sastrawan dan Komunitas Sastra DIY, lan Balai Bahasa DIY.*

KI EMMANUEL SUHARJENDRA

'Pejuang tanpa Pamrih' ing Jagad Basa Jawa

PRIYANE santun, lembah manah. Pangandikane ririh, sareh, cetha, lan tansah jinurung ing esem grapyak. Sregep lan mugen ambyuk ing kawruh budaya, suka rawuh ing pasamuan-pasamuan budaya, kerep kasuwun jumeneng parampara hambabar kawruh Jawa. Kawruh bab basa, susastra, lan budaya Jawa katon pinunjul, wimbuh lega lilaning manah anggone paring seserepan marang sapa wae kang ngersakake. Anggone suka andum ngelmu, ora mligi miyos panyerat ing kalawarti, karana piyambake uga jejering juru warta (wartawan). Nanging uga nalika kasuwun paring pangandikan ing pasamuan mirunggan, kaya ing sarasehan lan seminar. Malah, kepara bisa ingaran ajeg paring andharan lan wewarah, sambung pangandikan kalawan masarakat ing siaran budaya RRI Yogyakarta. Piyambake uga asring rawuh lan ngirit tumapaking upacara adat tradhisi, nalika kasuwun dening masyarakat. Kang gedhe anggone paring sumbangsih tumrap laju pambyarawaraning kawruh Jawa, mligine bab sesorah lan pranata cara, basa lan aksara Jawa, geguritan lan macapat (nembang), yaitu nalika piyambake swadhaya mbabar pawiyatan Jawa, "Yayasan Bebana". Priyagung iku, katelah sebutah Pak Jendra.



● ***E. Suharjendra*** *(foto istimewa)*

Jagad sastra budaya Jawa kelangan tokoh pelestari basa lan sastra Jawa, **Ki Emmanuel Suharjendra**, ingkang seda rikala Minggu Kliwon 19 Februari 2017. Suharjendra kang asring kasebut Ki Jendra, lair 28 Desember 1939 lan pidalem ing Jogonalan Lor 151 Kasihan Bantul, seda ing yuswa 78 warsa jalaran nandhang gerah sepuh.

Garwane Pak Jendra, yaiku Nyi ME Suparmi ngendika menawa miturut biodhata, Suharjendra miwiti bangku pasinaon ing SD Jarakan Bantul (lulus taun 1953), SLTPN 2 Yogyakarta (lulus 1956), Sekolah Guru Agama (lulus 1959). Lulus SGA, Suharjendra banjur dadi guru SD mulang ing Yogyakarta, Bantul lan Wates, uga mulang basa Jawa SLTP taun 1959-1962.

Sinambi mulang, Suharjendra nerusake kuliah ing IKIP Yogyakarta program D-3, lulus 1965. Sabanjure kuliah ing Jurusan Publisistik Universitas Padjajaran Bandung, lulus 1966. Taun 1978 dadi pegawe Dinas Pendidikan dan Kebudayaan DIY lan pensiun minangka Kasi Kesenian 1996. Almarhum uga nate dadi guru basa Jawa SLTA taun 2004-2005, dhosen basa Jawa PGSD Universitas Sanata Dharma kawit taun 2006, lan mulang ing Lembaga Javanologi Yogyakarta. Taun 1999 ngedegake Yayasan Bebana, papan kursus nulis aksara Jawa, gladhi tembang Jawa lan sesorah basa Jawa.

Kajaba dadi guru, Pak Jendra uga tau dadi wartawan koran *Kedaulatan Rakyat* lan dadi Pemimpin Redaksi kalawarti *Praba*, uga edhitor buku wacan bocah, *Panggugah* (10 judhul). Ki Jendra nalika dadi wartawan KR, ora winates nyerat warta babagan kawruh lan budaya Jawa. Kaya lumrahe wartawan, uga nulis warta maneka warna. Asring uga nyerat artikel, opini pribadi. Ki Jendra uga nate sinampiran tugas nyepeng rubrik "Kosa Kata" ing ariwarti KR. Mula, ora mokal yen piyambake kerep dadi jujugan juru warta mudha kang padha nyuwun seserepan bab basa lan budaya Jawa.

Pengalaman liyane, dadi Sekretaris Organisasi Pengarang Jawa (OPSJ), Sekretaris II Javanologi, Pengurus Perkumpulan Gambir Sawit, Ketua II Yayasan Notoharsono, lan Ketua I Yayasan Notoharsono.

Sadurunge kagungan garwa Nyi Suparmi, Pak Jendra wis kagungan garwa, asmane E Subaryati, kang seda ing warsa 1989. Tekan puput yuswa, Pak Jendra kaparingan putra-putri cacah lima. Yaiku Y Dwi Harsanto Pr, Aufrida Wismi Warastri, Paula Dini Radyanti, Markus Aprisiyanto, lan S Agung Budyawan.

Awit labuh-labete ing jagad kasusastran lan basa Jawa, Almarhum nate kaparingan mapirang-pirang pangarem-arem lan pangalembana saka mapirang-pirang bebadan. Kang pungkasan, katetepake dadi Tokoh Pelestari Basa Jawa saka Dinas Kebudayaan DIY (2015). Miturut Sigit Sugito, pelaku seni ing Bantul, Ki Jendra asring dadi jujugan ngangsu kawruh kanca-kanca seniman, sastrawan, lan budayawan Bantul.

Pametri lan panyerat buku-buka kabudayan Jawa, Drs. H. Budiono Herusatoto uga ngendika menawa Ki Suharjendra iku '*Pejuang tanpa pamrih*'. Rikala isih sugeng, wektune dientekake kanggo ambyur ing jagad kabudayan Jawa, mligine basa lan kasusastran Jawa. **(smn)**

Sandiwara TV Basa Jawa

KAGAWE DENING TVRI YOGYA

"Temene, wektu iki sandiwara tv basa Jawa wis angel dinemu".

TVRI YOGYAKARTA, katemben wiwit gawe sandiwara basa Jawa, ngemba-emba sinetron kang kababar ing studio (interior). Wis kasil patang episode, durasine udakara 30 menitan. Wektu iki nembe kaedit lan nunggu tekane jadwal mirungga kanggo muter ing layar kaca. Lakon-lakon kang ginarap methik saka bedinane warga masarakat ing kampong kang sarwa sarwi prasaja. Dene irah-irahane sandiwara tv mau durung katetepake awit isih kudu pratitis anggone milih tembung. Ngendikane RM Kristiyadi, pangarsaning produksi sinetron TVRI, sandiwara tv iki kudu nunggu kalodhangan kang trep, ora grusa grusu lan kesusu anggone mratitis-ake. "Kedah nyarengi mo-mentum ingkang gathuk, trep, lan temanja," ngendika-si RM Kristiyadi.

Sandiwara-tv Basa Jawa ini disyuting ana ing studio kang dekorasine kasiapake Tim Artistik TVRI Yogya. Dekorasine ngemba kahanan kampung kang ngrengga dumadine carita. Dene paraga dalange, sutradara senior TVRI Yogya, Anggar W. Para paraga kang kajibah, Toelist Semero (Kariya), Sapta Sutrisno (Pak Mantri), Anes Prasetyo (Sawung), Bu Ning (Sebrung), Yo-hana Dyah (Menik), Pur-wadmadi (Suraklungsu), Adiputra (Rajeg), lan Agus Amarullah (Pak Mandor). Naskah lakon kaserat dening Purwadmadi. Temene, wektu iki sandiwara tv basa Jawa wis angel dinemu. Mula, ngiras pantes karo nguri-uri basa Jawa, uga kanggo nglestarekake tontonan sandiwara Jawa. **(pdm)**



● ***Toelist, dadi Kariya ing sandiwara Jawa TVRI Yogya*** *(foto-pdm)*



● ***Kru lan paraga nembe kompromi amrih syuting lancar*** *(foto-aps)*

● ***Pelakon Sawung lan Yu Sebrung ing sandiwara Jawa ing Studio TVRI Yogya*** *(foto-aps)*

DESA BUDAYA PANGGUNGHARJO

Saben Sasi Nggelar Bregada



• *Bregada Wiratamtama, Desa Panggungharjo (foto istimewa)*



• *Lurah Panggungharjo,* ***Wahyudi Anggoro Hadi****, S.Farm, Apt. (foto istimewa)*

DESA Panggungharjo, Kecamatan Sewon, Kabupaten Bantul duwe maneka warna *potensi* budaya lan gedhe kapitayane masarakat anggone kridha ing budaya, mula pantes yen ditetepake dadi Desa Budaya. Lurah Panggungharjo, **Wahyudi Anggoro Hadi**, S.Farm, Apt pratela marang *Sempulur* menawa desa iki dumadi saka 13 pedhukuhan, yaiku Krapyak Wetan, Krapyak Kulon, Dongkelan, Glugo, Kweni, Pelemsewu, Sawit, Pandes, Glondong, Jaranan, Geneng, Ngireng-ireng, Cabeyan lan Garon.

Miturut dhata Dinas Kebudayaan DIY, adhedhasar Surat Keputusan Gubernur DIY nomer 262/KEP/2016, Desa Panggungharjo klebu saka 12 Desa Budaya ing Kabupaten Bantul. Desa Budaya liyane, yaiku Panggungharjo, Seloharjo, Selopamioro, Sitimulyo, Sabdodadi, Gilangharjo, Bangunjiwo, Triwidadi, Dlingo, Srigading, Mulyodadi lan Trimurti.

Sekretaris pengelola Desa Budaya Panggungharjo ('Bumi Panggung'), Fajar Budi Aji kang diampingi Tenaga Pendhamping Desa Budaya, Astuti Handayani S.Pd. lan Kristina Novi Susanti M.Sn, uga suka katerangan marang *Sempulur*. "Panggungharjo menika wonten warisan budaya Panggung Krapyak minangka *sumbu filosofi* Kraton Ngayogyakarta Hadiningrat. Ugi wonten situs warisan budaya Yoni Karanggedhe ingkang dumugi samenika dereng saged dipun garap kanthi *maksimal*. Panggungharjo ugi kawentar minangka desa pelestari budaya kerajinan lurik, tatah sungging wayang, blangkon, bathik, gamelan, dolanan anak," ngendikane Fajar Budi Aji.

Pengetan ambal warsa Panggungharjo saben 24 Desember dadi wadhah gelar potensi budaya warga masarakat Panggungharjo, kawit kirab budaya, panggung kolaborasi, *workshop* bathik, pameran kuliner, pameran kerajinan, pentas komunitas macapat, wayang, kethoprak, sholawatan Jawa, jathilan, karawitan, hadroh, keroncong, ngantos kesenian Jolela. "Tanggal 20 saben wulan, Pemerintah Desa Panggungharjo ajeg ngawontenaken upacara ngagem basa saha busana Jawi kanthi 2 bregada prajurit, Bregada Wira Tamtama saha Bregada Langensari. Menika salah setunggalipun wujud Desa Panggungharjo anggenipun nguri-uri budaya Jawi," ngendikane Fajar Budi Aji **(smn)**

Desa Budaya, Benteng Kabudayaan



● ***Seni Kethoprak, uga kaudi amrih ngrembaka dening para mudha ing padesan*** *(Foto pdm)*

DESA Panggungharjo, kalebu 56 (seket nem) Desa Budaya ing DIY. Bakale, ngedikane Wakil Kepala Dinas Kebudayaan DIY, Singgih Raharjo, ing DIY terus diudi amrih desa-desa budaya saya mundhak pigunane tumrap masarakat. Bakal diundhakake gunggung cacahe, uga kapitayane masarakat anggone kridha angudi panggulawenthahing babagan kagunan budaya. Pancen, Program Desa Budaya jinarak bisa sarana anggone masarakat nggayuh pikuwate tameng lan saringan panggodhaning budaya manca kang ora laras marang kebutuhane masarakat.

Desa lan Kelurahan Budaya ing DIY pinangka salah sawijining pikuwat keistimewaan, kanthi program unggulan kang wus kagatra cetha ing Peraturan Gubernur Nomor 36 Tahun 2014. Kaajab, yen masarakat tansah ngundi pamangku lan pamengkune tumrap kabudayane dhewe, bisa kanggo benteng jatidirine warga, bangsa, lan negara. Mula, Desa Budaya pancen perangan penting pembangunan kabudayaan ing DIY murih dumadine bangsa kang tansah duwe kapribaden ing babagan kabudayan.

Upacara lan adat tradhisi, sawernaning kagunan utawa kesenian, basa-sastra lan aksara, busana tradhisi, boga-tedhan tradhisi, dolanan bocah, jamu lan usada tradhisi, cakrak wewangunan, lan tinggalan leluhur, kabeh kudu audi amrih lestari lan bisa kawarisaske mring anak putu. Miturut pangandikane Markus Suwarisman, Kepala Seksi Adat-Tradhisi, taun 2017 iki Program Desa Budaya Dinas Kebudayaan DIY paring pambiyantu Tenaga Pendamping Teknis marang 56 Desa Budaya. Saben Desa Budaya kaparingan Tenaga Pendamping cacah loro. Tenaga Pendamping ngayahi tugas sajroning 10 wulan. Program iki wus lumampah wiwit 2014 tumuju marang Desa/Kelurahan Budaya sastra Rintisan Desa/Kelurahan Budaya. Taun iki mligi ing 56 Desa Budaya saindengin DIY. **(sky)**

Langen Wengi Panggung TBY

YOGYA tambah gumyak. Saiki ana pagelaran ajeg, musik pop. “Musik Malam” arane. Langen wirama ing wanci wengi. Saben wulan, kagelar kaping pindho. Sohibul hajade, Taman Budaya Yogyakarta (TBY). Panggung ing *plaza* TBY dadi ajang para paraga musik unjuk kaprigelan, penontone gumyak gumbira ing latar gedhung TBY. Ora mligi para mudha, penontone uga akeh kang wus yuswa. “Musik untuk semua”.

Pagelaran mligi musik, arupa *band* kang kanggo ngiring tembang-tembang. Nyanyi gumyak. Rumpaka musike maneka warna, *pop keroncong, dangdut, jazz, slow rock, blues, bosa,* lan sapanunggalane. Grup lan komunitas kang kapiji, uga para paraga musik *indie*, grup amatir, ngiras pantes kanggo caos pisungsung marang masarakat pandhemen tontonan musik panggung. “Musik Malam” jinarak kanggo ngisi pasugatan musik ing wanci wengi supaya kahanan Yogyakarta tansah regeng amarga gampang tinemu tontonan sehat.

“Musik Malam” wis kaping pindho diadani, 8 lan 22 Maret kepungkur. Jebul, akeh kang padha kersa mirsani. Malah nalika grup UNION babar lagu-lagu kenangan Koes Plus lan Koes Bersaudara, penontone gumyak. Padha melu nembang sinambi jejogetan, gumbira gumyak suka parisuka. Kepara rombongan pelajar sekolah seni, putri-putri remaja kang wasis ing joget, padha ambyuk ngregengake. Jejogetan bareng karo kumandhanging lagu kenangan, lagu nostalgia Koes Plus. Pandhemen Koes Plus pancen isih akeh lan grengseng anggone ngudi lestarine tembang pop Indonesia lawasan. Kasunyatan, masarakat pancen padha kangen marang pagelaran musik pop kang “murah meriah”, ora kudu mlebu jajan ing *kafe* utawa pagelaran mirunggan liyane.

Kepala TBY, Bapak Dyah Tutuko Suryandaru ngendika, yen “Musik Malam” antuk kawigaten masarakat, sinedya bakal katerusake. “Ing sedya panci menika kagem lelangen tumrap masarakat lan caos wekdal kagem sanak kadang kang sami mandireng ing gegulang babagan musik. Sumangga,” ngendikane nalika paring pangandikan mucuki kepyakan “Musik Malam”. Kepara, panjenengani uga nyalirani nembang lagu Koes Plus. **(pdm)**



• ***Pagelaran "Musik Malam" ing Taman Budaya Yogyakarta*** *(foto-tby)*

Sandiwarane Para Nayakapraja

KATEMBEN, ana para nayapraja ing Pemda DIY, madeg ing panggung caos pisungsung wujud sandiwara basa Jawa. Mapan ing Gedhung Sositet Taman Budaya Yogyakarta. Ngendikane Pak Sambada, kang ndherek dadi paraga ing sandiwara, lakon "Lurah" temene lakon sandiwara kang dirumpaka bebarengan, kabeh paraga pada urun amrih dadine lakon. "Dadi niku sing gawe lakon ngih sedaya tumut damel. Sami dipun dhawuhi damel ukara piyambak-piyambak, lanjeng menawi sampun tres nembe dipun kunci. Dipun tulis, dados naskah, he..he..he...," ngendikane sinambi gemujeng.

Pak Sambada uga ngendika menawa piyambake ora nyana yen pagelaran sandiwara iku aweh kawigaten saka masarakat. Kembange lakon, uga tinemu talining asmara wadon lan lanang kampung. Lakon saya gayeng nalika sambung tresna mau jinarah pangaribawane wong sugih, antheking Walanda. Bejane, Pak Lurah wani ngadhepi krekahe Walanda. Elok tenan, para nayakapraja kang madeg paraganing sandiwara wis memper tenan kaya *seniman profesional*. Wangun pol.

Sutradara utawa dhalange, Broto Wijayanto, saka Teater Gandrik. Piyambake uga kang pinangka panggladhi para nayakapraja kang meh kabeh lagi pisan iki munggah panggung. Dene paraga liyane, Grendz, Dipta, Dita, Erlina, Hayu Awang, Bella, Zita, Dian, Mauliana, Sambodo, Agus, Aryo, Padmo, Eko Hari, sinengkuyung bocah-bocah binaan BRSPA



● ***"Lurah" - sandiwarane para nayakapraja*** *(foto-pdm)*

"Tebih saking pengangen, jebul kathah sing mirsani. Kursi kebak, penonton ngantos lesehan," ngendikane Pak Sambada. Sandiwara basa Jawa pancen tontonan kang wus ora gampang tinemu. Kang padha ngudi lan hanggelar ing panggung ugawa wis arang. Mula gelar sandiwarane para nayakapraja iki uga bisa kanggo nyengkuyung anggone pada nguri-nguri basal an budaya Jawa.

Lakon "Lurah" nyaritake bab anane wong kang nyengkuyung kekarepane Kumpeni Walanda njarah lemahe para kadang padhusunan. Akeh kang kapilut marang bandha donya sebab yen melu Walanda banjur gampang sugih mubra mubru. Dinsos DIY. Rakiting gerak dening Seta Wikandaru; musik Vishnu Satyagraha; artistik: Dwi H Naraswari; Lampu: Ahmad Suharno. Dekorasi: Dili Swarno. Tatasandhang: Cherria Wuri; Usaha dana: Doddy BJ. Pimpinan Produksi: Uttungga Dewi; Asisten Sutradara: Isabella.

Pathisari gelar lakon "Lurah" temenipun paring pratandha, bilih para nayakapraja saget dados tuludha sae, angginpun suka kridha ing kagunan seni lan budaya Jawa. Sanajan saben dinten tansah winengku jibah padamelan ingkang awrat, nanging taksih saget damel krenah ngrumpaka sandiwara kang saget damel sengsem. **(pdm)**

JAVANESE DIASPORA EVENT 3

Yogyakarta, 17 – 23 April 2017



Ngumpulké balung pisah

Supported by:

hayyana | natasha

OPENING

Monday | 17 April 2017 | 09.00 AM–11.30 AM
MUSEUM BENTENG VREDEBURG YOGYAKARTA

FREE PROGRAM

Exhibition
17-23 April 2017 | 09.00 AM – 09.00 PM
Museum Benteng Vredeburg Yogyakarta

Documentary Movie Jaji
17 April 2017 | 04.00 PM – 06.00 PM & 07.00 PM– 09.00 PM
Gedung Societet Militer (Taman Budaya Yogyakarta)

Wayang Kulit : Introduction & Perfomance
18 April 2017 | 02.00 PM – 05.00 PM
Museum Benteng Vredeburg Yogyakarta

Javanese Life (Presented by Bapak TO Joglo Tani)
19 April 2017 | 09.00 AM – 11.30 AM
Museum Benteng Vredeburg Yogyakarta

Batik Workshop (Presented by Batik Keris)
19 April 2017 | 01.00 PM – 03.00 PM
Museum Benteng Vredeburg Yogyakarta

Javanese Languange & Hanacaraka Lesson
19 April 2017 | 03.00 PM – 05.00 PM
Museum Benteng Vredeburg Yogyakarta

Cooking Demo (Presented by Indonesian Chef Association/ICA
20 April 2017 | 04.00 PM – 06.00 PM | Indische Koffie
21 April 2017 | 01.00 PM – 03.00 PM | Indische Koffie

Pencak Silat : Discussion Forum & Demonstration
20 April 2017 | 02.00 PM – 04.00 PM
Museum Benteng Vredeburg Yogyakarta

Javanese Movies
20, 21 & 22 April 2017 | 07.00 PM – 09.00 PM
Museum Benteng Vredeburg Yogyakarta

Book Review
21 April 2017 | 09.00 AM – 11.30 AM
Museum Benteng Vredeburg Yogyakarta

Javanese Diaspora Art Perfomance & Sambung Rasa
23 April 2017 | 06.30 PM – 10.00 PM
Monumen Serangan Oemoem 1 Maret Yogyakarta

Jamu : Free Jamu for Everyone (Presented by Jamu Jago)
17-23 April 2017 | 12.00 AM – 08.00 PM
Musemum Benteng Vredeburg Yogyakarta

SPECIAL PROGRAM

Documentary Movie Jaji & Discussion Forum
17 April 2017 | 12.00 AM - 03.00 PM
Gedung Societet Militer (Taman Budaya Yogyakarta)

School Visit
18 April 2017 | 09.00 AM - 02.00 PM
SD Taman Muda Ibu Pawiyatan Tamansiswa Yogyakarta & SMKI Yogyakarta

Pilgrimage to The Royal Graveyard in Kotagede & Imogiri
19 April 2017 | 07.00 - 11.00 PM
Kotagede & Imogiri

Museum & Cultural Village Visit
20 April 2017 | 08.00 AM - 02.00 PM
Museum Tembi Rumah Budaya, Museum Tani Jawa & Desa Budaya Gilangharjo

Javanese Diaspora Meet & Greet
21 April 2017 | 03.00 PM - 06.00 PM
Museum Benteng Vredeburg

Ramayana Ballet Perfomance
21 April 2017 | 07.00 PM – 10.00 PM
nDalem Kaneman Yogyakarta

Seminar/Sarasehan
22 & 23 April 2017 | 08.30 AM – 05.00 PM
Museum Benteng Vredeburg Yogyakarta

Dinner & Dialog with Sri Sultan Hamengkubuwono X
22 April 2017 | 07.00 PM – 11.00 PM
Ngayogyakarta Hadiningrat Palace

Stand-up Comedy Competition (in Javanese)

Waton weplak

Benteng Vredeburg | 17-19 April 2017

- ✓ Registration from 5 March to 10 April 2017 at:
  Ista Kalista 96,2 FM | Jl. Kalisahak No. 28 Balapan Yogyakarta | Phone : 0274 – 555 031
- ✓ Registration fee Rp. 25.000,- per person
- ✓ Prize:
  1 : Rp. 1.000.000,- + trophy + certificate | 2 : Rp. 750.000.+ certificate | 3 : Rp. 500.000,- + certificate

---

Special Offer

For Student (Max S1)

- ✓ Only for student max S1
- ✓ Special price Rp. 250.000,- to join Sarasehan/Seminar on 22 & 23 April 2017
- ✓ Facilities : 2 x coffee break & 1 x lunch per day (on 22 & 23 April 2017), certificate & souvenir
- ✓ Registration & payment before 31 March 2017

Organized by:

PAGUYUBAN Ngumpulke Balung Pisah
JAVANESE DIASPORA NETWORK

Supported by:

DINAS KEBUDAYAAN DIY

Bakti Budaya DJARUM foundation | YELLOW STAR HOTEL | SARÉ HOTEL | Indische Koffie | BatikKeris | ARJUNA Guest House | Djaka dodaeng | JAMU JAGO

Secretariat Office:
JAVANESE DIASPORA EVENT III
Ngumpulké Balung Pisah
Hotel Yellow Star Ambarrukmo
Jl. Laksda Adisucipto No. 23 Yogyakarta 55283

Further Information:
Sri Astuti (+62 811 2691 777)
Indrata (+62 812 1217 5653)
Singgih (+62 815 7862 2069)

www.diasporajawa.net | e-mail : diasporajawa@gmail.com | : Ngumpulke Balung Pisah | : Javanese Diaspora Event | : javanese diaspora event

Panggung "Kethoprak RRI" Sinengkuyung Disbud DIY



WUS lumampah suwe, giyaran langsung saka gelar panggung kethoprak kaadanan dening Radio Republik Indonesia (RRI) Yogyakarta. Pancen, tumrap para paraga kethoprak ing RRI Yogyakarta, kabeh wasis nindakake giyaran langsung ing studio utawa rekaman, lan ngayahi gelar kethoprak panggung kang kagiyarake. Mula pancen wiwit nguni (1935) bebasan meh kabeh paraga kethoprak radio wasis lan prigel ulah olah kridhaning kethoprak ing panggung kang uga katingali dening pandhemen.

Kethoprak radio dengan RRI Yogyakarta wus kagiyarake wiwit Oktober tahun 1945, utawa udakara sesasi sakwise RRI madeg ing wulan September 1945. Pancen, kethoprak radio wis diadani wiwit tahun 1935 dening Radio MAVRO, lang giyarake Kethoprak Kridha Raharjo (Cakorjiyo). Sanajure, Kridha Raharjo uga tetep ngayahi giyaran kethopak ing radio jaman Jepang. Bareng wis madeg "radio perjuangan kebangsaan" RRI, para kethoprak uga ngayahi giyaran nganti tumekan saiki. Mula, "kethoprak radio" bisa ingaran acara giyaran kang wis kliwat 80 tahun lumaku. Ketoprak radio gawe kondhang kuncarane para paraga kethoprak kang menjila kayata swargi Cokrojiyo, Bekel Tembong, Togen, Mugiharjo, Glindhing, Gendra Siswoyo, Basiyo, Sugiyem, Kadariyah, Suparmi, nganti tumekan Widayat, Prapti, Marsidah, Ngabdul lan liya liyane.

Sanajan para paragane wis silih gumanti, nanging tradhisi giyaran langsung kethoprak saka panggung dening RRI Yogyakarta diadani malem Kemis minggu sepisan saben sasi. Dene malem Kemis liyane tetap diadani giyaran saka studio utawa giyaran kang wus karekam sadurunge. Mula banjur katelah dadi kethoprak radio amarga kabiwara ngganggo *frekuensi* giyaran. Kethoprak radio kepara malah tansah dadi tuladha patrap basa Jawa, pangungeling pocapan-kandha, lan antawacana paraganing lakon. Tradhisi lisan kang kebak ing rasa pangrasa lan bisa gawe sengsem tumrap kang pada miyarsa. "Mula, giyaran kethoprak saka panggung pagelaran iki kasengkuyung amrih sansaya langgeng anane tradhisi seni tutur kang rinengga ing lakon, utawa *seni peran*, seni tradhisi *kerakyatan*," ngendikasi Bapak H Agus Amarullah, salah sawijining pangarsa ing Dinas Kebudayaan DIY nalika mriksani babaring lakon "Wedana Yuyu Rumpung" ing Auditorium RRI Yogyakarta, ing Gejayan. **(pdm)**

Wayang Kulit Nembus Arab



• ***Wayang Museum Sonobudoyo Yogyakarta nalika pentas ing King Abdullah University*** *(foto Dok. Museum Sonobudoyo)*

TANGGAL 19 Januari 2017 kapungkur tim wayang Museum Sonobudoyo Yogyakarta nampa kanugrahan nggelar wayang kulit ing King Abdullah University, Arab Saudi, kanthi dhalang Ki Suparman Amat Jaelani saka Kabupaten Kulonprogo. Tim dipandhegani dening Kepala Museum Sonobudoyo Yogyakarta Dra. Riharyani. Sajroning pagelaran wayang. Ki Suparman diampingi waranggana (1) lan paraga karawitan (6).

Miturut Dra. Riharyani, Museum Sonobudoyo Yogyakarta bisa nggelar wayang ing Ki Abdullah University awit prakarsane Prof Gilles Lubineau saka Perancis kang dadi guru besar ing King Abdullah University. Prof Gilles Lubineau nalika tindak Yogyakarta kepranan marang pentas wayang kulit lakon Ramayana kang digelar saben wengi ing Museum Sonobudoyo Yogyakarta. "Wonten mrika kula mbabar lakon Ramayana, wiwit lampahan Dewi Shinta Ilang dumugi Dasamuka Gugur, kanthi wekdal 45 menit," mangkana ngendikane Ki Suparman nalika paring katrangan marang *Sempulur*, ing daleme Salamrejo Sentolo, Kulonprogo.

Sadurunge pentas wayang, Tim Museum Sonobudoyo ngisi workshop gawe wayang lan nabuh gamelan. "Ingkang ndadosaken bingah kula sakanca, sasampunipun 45 menit pentas, kula kadhawuhan mangsuli mayang malih kanthi lakon ingkang sami, nanging geberipun dipunwalik. Wayang namung ketingal ayang-ayangipun," Ki Amat Jaelani nerusake katrangane.

Merga penonton isih tetep durung marem, Ki Suparman didhaulat mbaleni pethilan perang antarane Anoman mungsuh Indrajid ing Kraton Alengkadiraja, udakara 15 menit. Sadurunge pentas ing King Abdullah University, Ki Suparman uga nate pentas Honolulu Amerika (1978) lan Yerussalem, 2000 lan 2007. **(Smn)**

Latihan Gawe Film Desa

WARGA padhusunan ing DIY, mligine kadang mudha, diaturi pada grengseng gegulang gawe film. Dinas Kebudayaan DIY paring pambiyantu "workshop" utawa wulang praktek cara-carane gawe film wiwit saka gawe rancangan, tumapaking rekam gambar (syuting), nganti tekan mranata urut jangkemping gambar (edhiting). Dene kang rinakit rinumpaka ing film kaajab babagan kang magepokan karo monjo lan pinunjuling karya budaya dhusun, desa, lan warga. Ing tembe, DIY kabudayaan masarakate sinangga ing grengseng kabisane warga dhusun yasa film. Film pinangka pangiriting pambyawara kapitayane "kabudayan DIY", laras karo kalenggahan "daerah istimewa".

"Film bakal nggampangake masarakat anggone promosi lan publikasi marang masyarakat liya ing ngendi wae. Luwih-luwih saiki alat elektronik lan sarana media sosial wis ora kurang-kurang," ngono ngendikane Kepala Seksisi Perfilman, Dinas Kebudayaan DIY, Dra. Sri Eka Kusumaning Ayu marang *Sempulur*.

Tahun 2017, Dinas Kebudayaan DIY lumantar Bidang Seni dan Film, Seksi Perfilman nindakake program "*Workshop dan Pembuatan Film Berbasis Pemberdayaan Masyarakat Desa*". Program iki diajab bisa nambah unggul pinunjuling para paraga budaya, mligine anggone padha yasa film, tumrap masarakat karang padesan ing DIY. Film yasan mirunggan para kadang padesan bisa dadi sarana anggone caos pambyawara bab kaananing warga, maju onjoning desa, lan kiprah karya budayane masarakat. Mula, kena ingaran film ngrambah padesan utawa jumurung dumadine "desa film lan filmisasi desa".

Desa sing bakal dadi ajang lokasi "*Workshop dan Pembuatan Film*", yaiku Dusun Pandes, Desa Panggungharjo, Kecamatan Sewon, Kabupaten Bantul. Desa iki wis kondhang minangka "Kampung Dolanan Anak Tradhisional". Dolanan Anak iki disuhi lan digrengsengake dening para pemudha, sineengkuyung Pemerintah Desa. Apa maneh, ing desa iki uga gedhe panyengkuyunge para kadang panyandhang difabel.

Lokasi liyane, Dusun Turgo, Desa Purwobinangun, Kecamatan Pakem, Kabupaten Sleman. Ing dhusun iki ana *"Komunitas Pelestari Anggrek Liar"*. Ing ereng-ereng ing Gunung Merapi wis tinemu 100 jinis anggrek sing terus kaudi dimen lestari. Uga ana kridhaning warga anggone padha gawe lestarine, kewan kupu. Wis tenemu, telung jinis kupu langka kang kareksa. Liyane, warga uga nguri-uri taneman suruh alas. Kang uga dadi kawigaten, bab anane kopi Merapi kang tuwuh ngrembaka ing tlatah Turgo. Ora kelalen, warga uga ngreksa sempulure 23 *varietas* bambu.



• ***Latihan syuting ing Dusun Pandhes*** *(foto-abs)*



• ***Rembugan syuting ing Dusun Pandhes*** *(foto-abs)*

Ing Kulonprogo, *workshop* ditindakake ing Dusun Clapar, Desa Hargowilis, Kecamatan Kokap. Tlatah iki, bisa ingaran punjer panggawene gula semut. Kepara, gula semut yasane warga Clapar wis didol neng manca negara (diekspor). Clapar uga duwe laladan wisata alam sing endah, tur tinemu asli warisan alam, durung kareka. Para kadang mudha Clapar, uga grengseng anggone melu olah tetanen. Malah wis bisa ngembangake lir gumantine tanem tuwuh.

Ing Gunung Kidul, program kasebut bakal dianakake ing Dusun Semanu, Kelurahan Semanu, Kecamatan Semanu. Tinemu, para ibu kang grengseng ngudi lestantuning seni hadroh kang rinamu nganggo singir-singir basa Jawa. Kagunan seni jathilan uga padha dipepetri lan tansah ngrembaka ing dhusun iki. Adat Rasulan, memper upacara tradhisi merti desa, katindakake mirunggan setaun sepisan lan sinekuyung para warga lan para warga kang bebara ing njaban rangkah. Dene tetedhan tradhisi wujud walang goreng lan sega thiwul wus kondhang tinemu ing dhusun iki. Kang luwih kondhang maneh, yaiku kriya ukir watu putih. **(stn)**

Awya Gerang-gerang Gemuyu



• *Gesigoran, SEMANGAT KPK, cetak dhigital, A3+, 2011*



• *Irvan Muhammad, FASIS, Acrilik ning nduwur kanvas, A3, 2012*

YEN padha rumangsa kesindhir, ora susah nesu. Luwih apik, ngguyu wae. Entuk ngguyu nggleges, uga entuk ngguyu lakak-lakak. Saora-orane, mesem. Nesu mbarahi gawe cepet tuwa. Kartun, gambar-gambar lucu nanging ngemu panyendhu, ora winates gambar kanggo gegojekan. Temene, humor ing kartun iku perkara kang wigati (*serius*). Kepara, perkara kang ora gampang ginawe, nanging cepet cetha pinaham dening kang mirsani. Panyendhu lan panyaruwe nanging jinarak mawa guyon maton, humor. Mula, para kartunis (ahli gawe kartun), iku priyayi kang mugen ing pakarti becik, caos panyaruwe nanging ora gawe lara ati. Ngampleng ning ora gawe cumleng.

Kaya kang kaweca ing Pameran Kartun Jogja "Kartunistimewa", majang kapitayane para kartunis anggota PAKYO (Paguyuban Kartunis Yogyakarta) ing Bentara Budaya, wulan Februari kepungkur. PAKYO madeg tahun 1979. Tekan saiki isih lestari, guyub rukun ing pasrawungan, grenseng tetap makarya, nanging pancen wis arang ngadani pameran bebarengan. Mula pameran "Kartunistimewa" dadi prastawa kang mirunggan. Para kartunis sepuh lan senior bisa bebarengan para kartunis wiranem. Kartunis era tahun 70-an kang kulina sarwa sarwi manual bisa bareng makarya kalawan kartunis era melinium kang sarwa sarwi *digital*. Kabeh tinemu padha apike, sebab wigatine kartun iku ana ing bobot manising gagasan kang tinandhu ing kaprigelane yasa garis lan pepethan gambar kang mejila.

"Kartunistimewa", kasil ngunggah kartun yasane para senior, kayata, Gesigoran, Fx Sruboto, Heri Wibowo, H Ashady, Teguh Budiarto, Pramono S Pamudjo, lan sapanunggalane. Maneka warna bab kang padha disaruwe, kanthi cara guyon maton, sembrana parikena, lan kena kanggo pemut ing akathah. Emane, jaman saiki wis saya suda ariwarti kang cawis rubrik kartun, saya arang ariwarti apadene kalawarti kang macak kartun. Nanging, kartun tetep rinepta, lan kababar ing maneka warna medhia. Sebab, tumekan jaman saiki humor isi tetep ngrenggani uripe manungsa. Sanajan kesilep dening humor panggung tontonan televisi, *humor* kartun lan karikatur duwe kekuatan nimbus telenging batin masarakat. Panyaruwe lan panyendhu kang alus, lembut nanging cespleng, tetep dadi kaelokane kartun. **(pdm)**

KEPALA DINAS KEBUDAYAAN DIY

Sukro Kasih : Gelar Wayang Kulit 2017



• ***Kepala Dinas Kebudayaan DIY, Drs. Umar Priyono, M.Pd. maringake wayang marang para dalang kang bakal hanggelar lakon-lakon ing taun 2017*** *(foto-fid)*



• ***Dhalang Anak Eiban, mucuki pagelaran*** *(foto-fid)*

PANGANDIKANIPUN Bapak Drs. Umar Priyono, M.Pd, Kepala Dinas Kebudayaan DIY ing pasamuan Paguyuban Dhalang Mudha Sukro Kasih, nalika mucuki pagelaran wayang kulit tahun 2017 ing Pendapa Dinas Kebudayaan DIY, 24 Februari 2017 kepengker.

"Ngaturaken agenging panuwun awit saking keparengipun sami rawuh wonten ing adicara dalu punika. Wonten pangarsanipun kadang pagguyuban dhalang mudha Sukro Kasih, mliginipun Ki Sunanto Susilomadyo minangka pangarsanipun, saestu kulo saking Dinas Kebudayaan rumaos bombong bilih wonten ing dalu punika salah setunggalipun adicara ingkang sampun saben tahun kita adani insya Allah samangkih sampun badhe kawiwitan."

"Lanjeng kula ugi nyuwun pangapunten ingkang kathah mbok bilih anggenipun Dinas Kebudayaan caos *fasilitas* dhumateng kadang dhalang muda Sukro Kasih meniko tasih wonten bab bab ingkang mboten ndadosaken renaning penggalih, meniko inggih awit kawontenan ingkang sarwo winates menopo dene babakan sa-nes sanesipun, mbok bilih mila dipun raosaken dereng cekap. Ewo semanten, kula minangka pangarsanipun Dinas Kabudayan Yogyakarta saestu nggadhahi pengajeng ajeng bilih adicara kados dalu punika sangeta nuwuhaken utawi nglestantunaken Ngayogyakarta punika minangka pusat kabudayan."

"Amargi, mbok bilih para kadang sutresna budaya ugi sampun priksa, kejawi dalang muda Sukro Kasih, Dinas Kabudayan punika ugi caos *fasilitas* dhuhmateng seniman menapa dene organisasi seni sanesipun. Dados mila kula asring sanget matur dhumateng para kadang tamu, para sutresno sedaya bab panyengkuyungipun dhinas. Kados siang kala wau, wonten sedasa dhinas ugi sampun nampi tamu saking kadang DPRD Jawa Timur, jam sanga ugi sampun tampi tamu saking stafipun Ibu Puan Maharani, saderengipun punika ugi wonten Kepala Dinas Kebudayaan Pariwisata saking Kalimantan Tengah ingkang samangke mbok bilih wonten wulan April punika badhe nderek wonten adicara Wayang Topeng ingkang dipun adani dening Dinas Kebudayaan DIY. Mila asring kula matur, yen wonten ing Yogya, punika kula saestu dumugi mriki mruput, rikala kula maca niki, agendhanipun, punika leres ingkang kala wau sampun dipunaturaken Ki Sunanto Susilomadyo bilih mangke badhe dipunpucuki dhalang Eiben Heiser. Kula saking griya niku mikir, iki kok Eiben Heiser iki bocah ngendi? Jebulipun wonten mriki kula wau salaman. "Oh kowe to le sing jenenge Eiben Heiser, ki kok jenenge apik men, kaya jeneng Jerman".

"Dados para sutresna sedaya, mila yen kadhos adicara dalu punika saget samangke nipun lumintu, ateges saben tahun saget dipun adani, mbok bilih anggen kula penjenengan sedaya sami ajrih, mengko gek gek jeneng kabudayan kui saya ilang, mengko ana ne mung dhalang-dhalang sepuh. Ning yen kados punika format ingkang sampun dipun rancang para kadang dhalang mudha Sukro Kasih punika kula kok sanget *optimis* bilih *regenerasi* utawi badhe lestantunipun kabudayan punika insya Allah saget dipun lampahi kanthi sak sae saenipun."

"Nuwun sewu yen kula punika matur punika sok kekathahan, mila kula rem piyambak amargi kursinipun namung sakedhik, dadi pun kebak. Lan malih yen kula mat aken dalu punika mbok bilih para kadang sutresna sedaya mesti kemawon kepingin enggal enggal badhe mriksani kadhos pundi anggenipun adik-adik punika samangke badhe nggulawentah kaprigelanipun wonten ing babakan seni pedhalangan. Mekaten ingkang saget kula aturaken lan kanthi adicara dalu punika saestu samangkih adicara pementasan wayang kulit setunggal tahun ingkang dipun purwakani wonten ing wulan Februari punika ugi tansah pikantuk ridhanipun Gusti Allah SWT. Amin. Saestu kula aturaken panuwun dhumateng sedaya kadang dhalang mudha saking Ngayogyakarta ingkang manunggal wonten ing Paguyuban Sukro Kasih. Matur nuwun." **(pdm)**

"Gandrung Manis"

BEDHAYAN BINABAR-TUMANGKAR

LAGI iki, bakal ana "tumangkare" bedhayan dadi yasan langen kang asifat baur nanging jumbuh kalawan anggone ngudi lan ngadi dimen tuwuh gatra anyar, mrih ngrembakane yasan adiluhung. Yaiku, nalika para paraga seni kang jinurung dening Dinas Kebudayaan DIY gawe lelangen anyar. Laku lampah kang tinempuh, yaiku tembayatane pamengku tarian, teater, lan musik. Bebarengan adu manising rembug, makarya ngumbar rasa, nganti tinemu gatra rumpakaning lelangen seni anyar. Pigunane yasan lelangen adiluhung ing wuni, bisa kanggo sarana pamothahing para wiranem anggennya gegulang ing kridhaning budaya luhur.



Bedhaya Gandrung Manis (HB VIII), uga gending "Gandrung Manis" bakal kapendhet sari wigatining sedya, kacecep sawab sarining karsa, kapethik wanter sarining batin. Carita kang kababar ing bedhaya iki, seri Panji, mligine langlang tindake Raden Banjaransari. Mula bedhaya iki dadi punjer wiwiting gati anggone para seniman/seniwati kan piniji tembayatan bareng gawe yasan langen anyar. "Gandrung Manis iki kajupuk *semangat spirite*, mengkone kaangkah bakal dadi *karya seni* anyar, kolaborasi sawetara peranganing seni," ngendikane Ibu Eny Sri Rahayu, Kepala Seksi Seni Kontemporer, Dinas Kebudayaan DIY.

Saiki, langen gagrak tembayatane para paraga seni, rumpaka anyar "Gandrung Manis" nembe kaudi sesarengan amrih ing wulan Mei 2017 bisa kaaturake marang para sutresna budaya. Dene ingkang kaparingan jibah nandangi, salah sawijine yaiku seniman tari Setyastuti (Utik), guru ing pamulangan luhur ISI Yogyakarta. Dene kang ngrenggani pinangka nara-sumber, Prof. Dr. Y Sumandiyo Hadi, SST, SU. Prof. Dr. Suminto A Sayuti, lan G Djaduk Ferianto. Kaangkah, rumpaka anyar "Gandrung Manis" bakal kakepyakake ing papan mirunggan ing sajabaning gedhung. Gandheng rumpakaning kridha samengko tansah nulat marang sumber panemu kang beneh kalawan padatan, mula isa ingaran utawa kaajab tuwuh dadi *seni kontemporer*. Mangga sami katengga sesarengan. **(pdm)**

